

# Vizyon Patmòs La

60-1204E

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 ...Kòm Frè Neville t ap fè anons sa yo ke...Frè Moore t ap di lòt jou, antan l t ap pale de Lespri Seyè a, li te antre...antan l antre nan bilding lan. Li di: "Sa te tèlman gran anndan an la nan yon pwèn ke m te panse ke Anlèyman an te vini jiskaske m te voye je m gade ozalantou, m te wè lòt yo chita isit la," li di: "non, li poko vini, paske si-si yo isi a ankò alò mwen konnen m ankò isit la. Kifè pafwa Lespri Seyè a aji sitèlman byen anvè nou.

2 Nou sitèlman kontan pou n gen anpil zanmi ke nou wè nan bilding lan. Yo twòp pou n eseye mansyone yo. M fenk arive remake, k ap antre nan pòt la, Frè Carpenter, li te yon gran benediksyon pou nou isit la nan legliz la, e li te yon benediksyon pou nou antan ke yon minis, epi li preche toupatou, prèske nenpòt kote. E nou kontan genyen l avè nou, o, ak anpil lòt.

3 Bon gen yon lòt kesyon isi a yo te ban mwen yè swa:

**Frè Branham, èske senk vyèj fòl yo ki nan Matye 25 lan fè pati restan Moun lòt Nasyon yo? Mwen konprann ke senk vyèj fòl yo te sove men yo dwe pase nan peryòd gran tribilasyon an. Èske sa kòrèk? Si se sa, kisa ki pral destinasyon etènèl yo? Èske se yo ki pral brebi ke yo va separe ak kabrit yo nan Matye 25:33 ak 34?**

4 Se yon bon teyolojyen selon sa mwen...[Pati vid sou kasèt la-Editè a.]...panse sa tou, ke yo se restan an, vyèj k ap dòmi a se restan an ke yo pale de li nan Apokalips la; se restan semans fanm lan ki kenbe kòmandman Bondye yo epi ki genyen temwayaj Jezikri a. Yon fanm pran yon-yon moso twal epi li blayi l; ebyen, bon, sa ke l ap taye a...oswa li pran patwon li a epi li poze l nenpòt kote li vle, fason li pral koupe sa. E alò sa ke li genyen ki rete a li rele l restan, men li te chwazi taye li apati yon sèten kote selon pwòp panse li. Men sa ki rete a li rele l restan.

5 Kounye a, si nou remake, te genyen senk vyèj fòl epi senk vyèj saj; yo tout nèt te vyèj, yo te fèt ak menm materyèl la. Men, pa eleksyon, Bondye te chwazi Lepouz Li pa eleksyon anvan

fondasyon monn lan, Li te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a ki te imole anvan fondasyon monn lan; anvan lemonn te konmanse, Bondye nan panse Li, paske Li enfini.

6 Nou itilize pafwa mo “predestinasyon” an, men se sèten, mo sa achope nan laj legliz n ap viv ladann lan. Se te sètènman yon bèl bagay ke yo te konn itilize nan tan mati yo, paske yo te kwè sa sètènman. Men yo elwaye de sa kounye a, pou pran lide legalis yo, ansèyman legalis la nan legliz la ki vin...Se te yon bon bagay, paske Kalvinis la te anvayi Angletè nèt jiskaske pat gen revèy ankò, epi John Wesley te vini epi li te preche doktrin Amenyen an, sa ki te balanse bagay yo. Bondye toujou balanse bagay yo.

7 Kifè alò vyèj fòl la se te sila ki pat gen luil nan lanp yo, ke mwen kwè ke yo te jete deyò nan tenèb yo kote ki va genyen kriye, plenn ak manje dan. E si n ap suiv sa, oswa gade nòt ki anba paj nou yo, sa pral mennen nou dirèkteman ankò nan gwo tribilasyon an. E mwen panse yo se sila yo ki pral rete dèyè epi ki pral ale nan gwo tribilasyon an. E gen yon gran lesou la, si nou te gen tan al ladann. Si nou...

8 Bon, sonje, mwen te di sa anvan, lè n ap tande bann yo: “Bagay sa yo se jis dapre fason mwen kwè ke yo se laverite.” Ou wè? Kounye a, si yo fo, m—m pa konnen si yo fo. Mwen...E mwen sèlman ka di sa ke mwen kwè. E se pa entansyon m pou m blese santiman pèsonn. Nou dwe jis mete santiman nou yo sou kote lè nou antre isi a, epi alò pran bagay ki te di a, epi sonde li, epi gade pou wè si li vrèman selon Lèzekriti oswa non. Se pi bèl fason pou nou fè l. Alò...Paske nan yon jounen tankou kote n ap viv la, nan yon peyi kote nou glane sou glane glane sou glane ak tout kalite bagay, ebyen, se difisil pou w fè moun yo reyèlman sezi li, tankou sa ye nan yon teren vyèj. Ou di yo li la, yo kwè li, se konsa sa ye.

9 Men, kounye a, youn pral vini avèk ide sa, epi youn pral vini avèk ide sila, epi nou gen apeprè plis ke nèf nan diferan legliz denominasyonèl, epi yo chak kontrè (ansèymam an) youn ak lòt; e dwe gen yon moun kif o epi yon moun ki vrè. Kifè kounye a sèl prèv nan sa, se mennen l devan Bib la; ou wè, devan Bib la. Kounye a, anpil fwa moun yo mete pwòp entèpretasyon yo. Men n ap fè jis mye ke nou kapab, pou nou pa mete okenn entèpretasyon imen ladan l. Jis li Li jan L ye a, epi di: “Se konsa Li ye.”

10 Epi answit mwen toujou remake, si w pran jis sa ke Li di, li va fè tout bagay konkòde jis egzaktman drèt nan Lekriti. Se prèske tankou w ap rasanble yon jwèt kastèt, ou dwe gade modèl la anvan w ka rasanble kastèt la kòm sadwa. Si w pa arive, kòm mwen toujou di : “W ap gen yon...Nan pòtrè w la w ap gen yon bèf k ap manje zèb anlè yon pyebwa.” Kifè sa—sa pa t ap parèt kòrèk.

11 Epi si nou jis kite Sentespri a...Kiyès ki te ekri Bib la? Sentespri a te aji nan moun e Li te ekri Bib la. Alò san Sentespri a, kèlkeswa jan ou byen edike, ou p ap janm konprann Li. Paske menm Jezi te di Bondye mèsi dèske li te kache Sa nan je moun ki saj yo ak moun ki entelijan yo, e Li t a revele l bay ti bebe ki vle aprann yo. Epi, chak disip yo te plis oswa mwens moun ki pa t konn li e ki pat enstwi, eksepte yon sèl, e se te Pòl. Epi Pòl te di li te oblije bliye tout sa li te konnen pou l te ka jwenn Kris. Kifè li te di legliz Korentyen an, li “pa vini ak sajès lèzòm ak gwo diskou,” paske lè sa a lafwa yo—yo t ap nan sajès lèzòm, men li te vin jwenn yo nan pwisans ak demonstrasyon Sentespri a, pou ke lafwa yo ta chita sou travay Sentespri a dapre Pawòl Bondye a. E se la n ap eseye akwoche nou fò, kounye a, paske anvan semèn lan fini, oswa lè semèn nan fini, ou pral wè li, se egzakteman sa ki te la, ti fil kondiktè sa ki travèse laj la nèt ale a.

12 Mèsi paske w mete tablo a yon ti kras pi wo. Sa parèt pi bèl konsa.

13 Kounye a, o, nou... Mwen swete nou te genyen l jis tout sezon fredyè a, pou nou te ka jis pran tout Liv Apokalips la epi jis pase atravè Sa nèt. Gen yon bèl ansèyman la. E mwen sonje, mwen devine sa genyen ven lane oswa vennsenk, lè legliz la te fenk konmansman, nou te kòmansman sa yon...nan konmansman yon sezon otòn, epi nou te prèske rete la jouk nan pwochen otòn lan, ap etidye Liv Apokalips la.

14 Kounye a, mwen sonje mwen te pran Liv Jòb la. O, frè Wright! Mwen te rete tèlman anpil tan sou li jiskaske finalman yon fanm te ekri epi li te mande m, li te di: “Frè Branham, èske w pap janm retire Jòb nan pil sann sa a?” Ebyen, mwen t ap eseye fè resòti yon pwen, paske drèt la tout bagay te abouti, nan pwen sa a; nan pwen sa kote Sentespri a te vin sou li, lè sa a, lè zèklè yo te kòmansman klere epi loraj yo gwonde, Lespri a vin sou pwofèt la e li te wè Seyè a ap vini. E mwen te vle yo byen konprann sa a, se rezon ki fè mwen te kenbe l sou pil sann lan pou yon bon bout tan, pou—pou ka fè pwen sa soti. E mwen konnen sa ka vin yon ti kras fatigan, kèkfwa. Mwen vin nève, tou, lè mwen tande yon moun ap tounen toutotou yon pwen, sanble pou mwen li ta dwe ale drèt nan pwen an. Men, petèt Bondye ap dirije moun sa a poutèt yon objektif.

15 Bon annou tounen sou restan sa a, anvan nou kite kesyon an. Mwen espere mwen rann li klè. Sa a... Mwen vrèman kwè ke restan an se Bondye ki chwazi l. Mwen—mwen kwè ke Bondye te chwazi restan an anvan fondasyon mond lan; e Li chwazi l grasa “prekonesans” Li. Se pa pa pawòl la...Koulye a, gade *predestinasyon an*, ou wè, paske se yon ti mo ki achope moun yo. Ou wè? Men, Bondye, anvan fondasyon mond lan, nan gran pansman enfini Li a, te chwazi Legliz la, te chwazi Jezi, te chwazi Legliz la, e Li te kapab predi nan kòmansman sa l t ap ye nan fen an. Li...Si Li enfini, pa gen anyen ke Li pa t konnen. Li te konnen chak pis ki t

ap janm sou tè a, e konbyen fwa li ta bat je l. Koulye a, se jis ki jan... ak kantite swif li t ap fè, ak konbyen yo tout t ap fè ansanm. Sa a enfini, sa se enfinité; ou—ou... jis pa gen okenn fason pou eksplike Sa. Epi Bondye, se sa Li ye, yon Bondye enfini.

16 Donk, si w remake, Bib la te di ke nan dènye jou yo, ke antikris la ki t apral vini sou tè a...

17 Kounye a, koute byen! Sa a se sèl defo... Mwen devine li te kapab jwenn dè milyon nan pa m yo. Men, konsènan frè nou an Billy Graham, lòt jou a, prèch remakab sa a li te preche dimanch pase a, e mwen sètènman te panse se te yon mesaj ki te tonbe a pwen. Epi...men li te di ke "Satan ap menm twonpe Eli yo."

18 Non, Bib la te di: "Li t ap twonpe Eli yo si sa te posibil." Men, li pa posibil, paske Bondye te chwazi yo anvan fondasyon mond lan. Ou wè? Ayo a...Jezikri se te Ayo ki te imole depi fondasyon mond lan. Menm lè Bondye gen yon Pawòl nan panse L, lè Li pwononse Pawòl sa a, Li pa janm ka chanje, Li pa janm ka modifye. Ou wè, paske Li—Li—Li enfini, e Pawòl Li yo va akonpli.

19 Jis panse, menm... tè a kote nou chita aswè a se Pawòl Bondye a ki te manifeste. Mond lan te fòme ak bagay ki pa menm vizib. Li te jis di, "Se pou gen tèl bagay," epi li te la. Ki jan li fasil pou Bondye sa geri yon kò malad alò, si li ka fè yon kreyasyon jis an pwononsan bagay la. Ou wè, Pawòl Li a. Si nou te kapab sèlman gen lafwa pou nou wè kisa Pawòl Li ye! Nou sitelman atache ak latè epi sitelman gen bagay ki akimile nan lespri nou ke nou...O, mwen pa konnen. Nou te sitelman andoktrine, yon piki nan sesi, epi yon piki nan sela, epi—epi sa jis rive nan yon pwen kote sa tòde nou nèt. Men, si ou te ka arive souke tout bagay sa voye l jete, vire tounen epi rekonèt ke Li se Bondye, epi Pawòl Li yo pa ka echwe pa plis ke Li ka echwe. E si Pawòl sa a echwe, alò Bondye echwe; epi si Bondye echwe la...Li pa Bondye. Ou wè? Kifè...Epi sonje, Li pa ka di yon bagay *isi a* epi di yon lòt bagay *la* ; Li dwe rete ak premye desizyon L lan pou L ka Bondye. Kidonk, nou jis gen-...

20 Epi li te mande nou sèlman yon sèl bagay, pou nou kwè ke sa Li te di a se Laverite, epi Li va reyalize l. O, ala bèl! Si w te espere yon bagay espontane rive; pafwa sa jis pran yon ti kras lafwa. Li p ap fè mirak, men si ou kenbe l fèm, li va fè w soti; jis rete drèt ak li. Tankou li te di, "Grenn moutad la, pi piti nan tout semans yo." Men, èske ou janm remake, moutad p ap melanje ak anyen. Ou pa ka kwaze moutad ak anyen, li p ap kwaze. E si ou gen lafwa, jis yon ti kras lafwa ki p ap kwaze ak okenn enkredilite oswa okenn sistèm legliz oswa dògm, jis rete drèt ak Bondye, jis rete drèt ak Li, L ap fè w travèse bwouya a drèt, fè w soti drèt. Wi! Jis rete ak lafwa sa a.

21 Bon, nan kòmansman an, lè Bondye... Bib la te di, nan Apokalips, ke "Antikris la, nan dènye jou yo..." Kounye a, gade legliz sa yo k ap reyini yo tout ansanm. "Antikris la, nan dènye jou yo, ta twonpe tout sa ki te sou tè a ki pa t gen non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a depi nan fondasyon mond lan." Kilè yo te mete non w nan Liv Lavi a? Anvan nou te janm gen yon monn, yo te chwazi w pou resevwa Sentespri a nan aj sa a.

22 Mwen dakò ak Eddie Perronet pou di:

Mwen ankre nanm mwen nan pò repo a,

M p ap navige sou lanmè sovaj dout yo ankò;

Tanpèt la ka ap soufle toupatou,

Men, nan Jezi nou an sekirite pou tout tan.

23 Pa gen anyen ki ka separe nou (Bondye pa ka... pa tounen sou Pawòl Li a. E si Li enfini, epi Li ba ou Sentespri a *isi a*, alòske L konnen ke Li pral pèdi ou *la*, ki kalite biznis L ap dirije), si ou pa twonpe w nan eksperyans ou, si ou te resevwa Sentespri a. Men, gade sa Bib la di, Efezyen 4:30, "Pa atriste Sentespri Bondye a, avèk Sila nou sele jiskaske..." Pwochen revèy la? Èske sa sonnen kòrèk? "Nou sele jouk jou redanmsyon nou an!" Jouk kilè? Jiska redanmsyon nou.

24 Ou pran yon vagon, ou chaje l sou ray la, epi lè li fin chaje nèt...Koulye a, yo poko ka fèmen machin sa a, enspektè a dwe vini. Epi li enspekte, epi gade pou wè si gen yon bagay ki lach ki pral souke. Vagon an ka...Vagon an ka konplètman chaje, men si li gen kote ki lach nan li, ou dwe chaje li ankò. Epi se sa ki pwoblèm lan, anpil nan nou pa resevwa Sentespri a; lè enspektè a vini, li jwenn anpil kote ki lach, ou wè, kidonk li poko ap Sele li.

25 Yon gwo teyolojiyen te vin bò kote m lòt jou, oswa pa lòt jou, sa gen twa oswa kat lane, epi li di, "Mwen vle mande w yon bagay." Li te di: "Abraham te kwè nan Bondye, e Li te atribye sa pou li kòm jistis."

Mwen te di, "Se vre, egzak."

Li di: "Kisa nonm lan te ka fè anplis ke kwè?"

Mwen te di, "Se tout sa li te kapab fè."

26 Li di: "Alò, ki kote w prale ak bagay Sentespri sa a an deyò de sa a?" Kounye a, ou konnen li te yon Batis. Epi li di—li di: "Kote w prale avèk Sentespri sa a?" Li di: "Si nonm lan kwè! Nan minit ou kwè, ou resevwa Sentespri a."

Mwen te di, "Non, non. Kounye a, ou—ou fè yon kontradiksyon nan Lèzekriti, Ekriti yo pa kontredi tèt yo. Ou wè? Pòl mande yo: 'Èske nou te resevwa Sentespri a *depi* nou te kwè?'"

Epi li di: "Ebyen..."

27 Mwen te di: "Se vre, Abraham, papa lafwa a, te bay... li te gen pwomès Bondye a e li te kwè nan Bondye, e yo te atribye li sa kòm jistis, men Li te ba li so sikonsizyon an kòm yon siy Li te resevwa lafwa li."

28 Kounye a, si Li poko janm sele w ak Sentespri a, Li poko janm resevwa lafwa w nan Li, ou gen kèk kote ki lach. Ou wè? Ou ka kwè, wi, men gen anpil kote ki lach. Men, lè w fè tout kote ki lach yo byen chaje, lè sa a, Li sele w ak Sentespri a jouk jou redanmsyon w lan. Sa se konfimasyon Bondye ke Li resevwa lafwa ke ou te pwofese nan Li.

29 Abraham te fè konnen li te gen lafwa, e Bondye di: "Kounye a, M ap ba w yon siy ki montre ou... ke Mwen resevwa ou." Epi Li ba li yon siy sikonsizyon.

30 Kounye a, lè w resevwa Kris kòm Sovè pèsonèl epi w kwè nan Li epi w mande L pou L netwaye lavi w, epi answit lè L retounen ak Sentespri a epi L ba ou siy Sentespri a, lè sa a w ap sele jouk redanmsyon ou.

31 Vagon sa a isit la, si li lach... Apre yo fin chaje tout ansanm epi yo fèmen pòt sa a epi yo mete yon so sou li, epi li—li sele jiska destinasyon li, konpayi tren yo ta mete w nan prizon pou tout lavi si ou ta brize so sa. Yo pa ka brize l. Li sele jouk nan destinasyon li; pa gen moun sou wout la ki te ka rale l louvri epi gade ladan l, epi egzaminen li epi gade l, epi jete kèk bagay deyò, mete kèk lòt bagay ladan l. Non, non!

32 Legliz sa a pral di, ebyen, dògm sa a, " Sa a pa bon, *sil*a a pa bon." Lè Bondye ba ou Sentespri a, se regle! Ou konnen ki kote ou kanpe, ou konnen sa ki te pase, epi ou sele sou tout wout la jouk jou redanmsyon w la, destinasyon vwayaj sa a sou tè a. O, la la! Sa ta dwe fè nenpòt moun jis gen lafwa epi kwè Bondye, jis leve pa pwisans Sentespri a.

33 Kounye a, vyèj sa yo ki pa t resevwa Sentespri a, (Nou sonje?) Sèl bagay yo te manke se te luil nan lanp yo. Eske se vre? Bib la te di *luil* la senbolize "Sentespri a," se rezon ki fè nou wenn malad yo ak luil, elatriye, paske li se yon senbòl Sentespri a. Bon, e alò a si—si Sentespri

a pa t vin sou yo, yo pa t genyen L. E alò, lè Li vini, yo te di...Koulye a, vyèj sa yo ki pat gen luil la, yo di...

34 Ou wè, yo te laba nan laj legliz la; te gen kèk nan yo ki te bon moun men yo pa t nan Limyè zetwal la, mwen vle di, ke mèch yo pat tranpe nan luil la. Ou wè, mèch yo te deyò. Li te etenn, yo te separe tèt yo. Nan epòk li a, Pòl te di: "Yo te separe tèt yo ak nou, yo sanble yo pa t gen lafwa." Ou wè, epi yo te elwaye yo, "Yo te soti nan mitan nou paske yo pa t fè pati de nou." Kounye a, sa te kòmanse laba nan premye aj la, nan Efèz, epi sa kontinye jouk nan epòk sa a jodi a. Se menm bagay la nan chak laj sa yo, sa ki te pase nan yo chak la te kontinye nan laj sa yo. Nou pral antre nan sa pwofondman nan yon ti tan.

35 Kounye a, remake ke vyèj sa a, malgre sa, li te antre kote ki te gen kriye, plenn, ak manje dan.

36 Kite m di sa, zanmi presye byenneme m lan; paske anjeneral nan legliz la isit la, lè mwen vin isit la, mwen jis vin isit la epi mwen gen yon sèvis gerizon epi lapriyè pou malad yo, epi m pati al lòt kote atravè peyi a. Men, se moman an sa a, mwen di nou lontan, mete konsyans ou nan pòch ou. Kounye a nou vle—nou vle vin onèt epi fran youn ak lòt, paske nou nan dènye jou a. Wi!

37 Kounye a, se la kote nou menm, presye Nazareyen ak Pèleren Sentete yo nou echwe anba sanktifikasyon. Ou wè? Bon, èske nou te konnen Jida Iskariòt te viv jis nan menm estad sa a? Jida te kwè nan Seyè Jezi kòm Sovè, li te aksepte l kòm Sovè. Epi li te sanktifye tou. Li te sanktifye, nan Jan 17:17, lè Jezi te di, "Papa, sanktifye yo grasa Verite a, Pawòl ou a se Laverite." Epi li te Pawòl la. Trè byen!

38 Nan Matye 10, yo te ba yo pouvwa pou geri malad yo, resisite mò yo, pou yo chase move lespri yo. E yo te ale nan tout kote nan peyi a, yo chase move lespri yo, epi yo tounen kontan, yo t ap rele byen fò, yo t ap fè lwanj Bondye. Epi Jezi di yo: "Pa fè kè nou kontan paske move lespri yo soumèt devan nou, men fè kè nou kontan paske non nou yo nan Liv Lavi a." Eske se vre? Epi Jida te avèk yo, Jida te avèk yo, men sa te fè yon ane ak sis mwa anvan yo te krisifye Jezi.

39 Kounye a, lè sa a te rive nan Pannkòt, pou Jida te resevwa Sentespri a elatriye, li te montre koulè l. Li—li nye Jezi, e li te vin trayi Li. Epi se jis egzaktman la lespri sa a vini; li kontinye ak Luther, Wesley, ki te mennen legliz sa a nan sanktifikasyon ak yon vi vyèj (moun ki pi, pwòp, sen, janti, pi bon moun ou te janm rankontre), men lè li rive... lè yo rive nan pale an lang epi resevwa Sentespri a, Nazareyen an, Pèleren Sentete, Metodis Lib, di alò, "Se dyab la." Epi se lè sa a tou lè w te blafeme kont Sentespri a epi w te separe tèt ou pou tout tan; "Paske,

moun ki di yon pawòl kont Fis de Lòm lan, y ap jwenn padon, men nenpòt moun ki pale kont Sentespri a p ap janm jwenn padon."

40 Sonje, tout disip yo te pale an lang. Jezikri te mouri sou kwa a, ap pale an lang. A wi. Kifè, si ou pa ka trete avèk yo isit la, pou w janti avèk yo isit la, e laba? Pou yo... Si sa yo se demon, se sa lòt yo te ye tou. Kidonk ou wè la kote li te montre koulè li? Men Vyèj sa a, pwòp tankou rès yo, yon vi pi. Si m pran ansyen legliz Nazareyen yo, Pèleren Sentete yo, ki te vrèman kwè nan sanktifikasyon, ou pa ka mete yon dwèt sou lavi yo; pwòp jan yo kapab. Se yon bon bagay ke nou tout ta viv konsa. Se vre, ou dwe viv konsa.

41 Bon, nou konnen gen anpil pami Pannkòtis yo ki se enpostè. Se vre. Men, osi lontan ke ou wè yon fo dola, ou konnen li te fèt apati de yon vrè dola, yon otantik. Se vre. E gen—gen yon vrè Sentespri, Youn ki otantik ki pale an lang epi ki montre siy ak pwodij, epi se depi Lapannkòt te la. Kifè nou dwe gen imitatè yo. Nou dwe gen yon fanm mechant ki pa bon, pou fè yon vrè fanm briye. Nou dwe gen yon lannwit, yon fènwa tou nwa, pou montre glwa limyè solèy la. Se vre. Epi ou dwe malad, pou w ka apresye yon bòn sante. E se lalwa pou e kont; epi se—epi se te toujou konsa, epi se va toujou konsa, osi lontan ke tan an egziste.

Bon, kidonk se la ke legliz la rive.

42 Bon, èske Jezi pat di sa ``Nan dènye jou a,`` nan Matye 24, "de lespri yo t ap tèlman pwòch menm jiskaske li t ap twonpe moun ki te Eli yo si sa te posib"? Uh-hum. Men, moun ki te chwazi depi nan fondasyon tè a gen Lavi Etènèl. Lavi Etènèl, ou pa ka debarase w de Li. Li Etènèl jan Bondye ye a, ou pa ka sispann egziste pa plis ke Bondye ka sispann egziste. Se vre. Paske ou se yon pati nan Bondye, ou se yon pitit gason ak pitit fi Bondye, lavi ou te chanje epi ou se yon pati nan Bondye, ou gen Lavi Etènèl. O, mwen renmen Li. Èske w pa renmen L?

43 Bon, yon moun te ban m yon nòt isit la, jis yon ti kesyon. Nou p ap pran twòp tan kounye a pou reponn li. Epi sonje, chak fwa ou poze yon ti kesyon, m ap fè tout sa m kapab pou m reponn li si m kapab. Men, sa a te yon kesyon enpòtan:

**Yon moun te vle konnen si li te mal pou fanm temwaye, oswa chante, oswa bay mesaj an lang, entèprete mesaj yo, oswa yon pwofesi, nan legliz la.**

44 Non, se pa mal, se yon... toutotan li rete nan plas li epi nan lòd. Ou wè? Legliz la nan lòd, epi se sèlman lè... Vrè, vrè fason pou fè li se pou moun ki pale an lang yo ak bagay sa yo, mesaj yo dwe bay anvan mesaj ki soti sou chè a, se pa janm pandan tan sa a; paske Sentespri a aji jis yon sèl kote alafwa, jan Pòl te pale de sa. Men, medam yo gen don pwofesi, epi yo

gen don pale an lang ak entèpretasyon, ak tout bagay, eksepte pou yo predikatè. Yo pa dwe preche. Yo entèdi yo pou yo preche nan legliz yo, se sa, okipe fonksyon sa, oswa pou yo anseye oswa nenpòt bagay nan legliz la. Men, pou sa k konsène don yo, fanm lan gen tout sa yo, li ka okipe youn oswa nenpòt nan nèf don espiyèl sa yo dapre Premye Korentyen 12, epi anyen pa anpeche l bay mesaj li nan tan sa dwe fèt. Ou wè, chak mesaj dwe tann tan pa li.

45 "Si gen yon moun k ap pale an lang, pa gen yon entèprèt, se pou l fè silans jiskaske gen yon entèprèt." Ou wè? Epi, mesaj sa yo yo bay, anjeneral, jis anvan reyinyon an, alò pwofèt la, oswa, predikatè a, ki se yon pwofèt dapre Nouvo Testaman an, yon predikatè, lè li avanse Bondye kòmanse aji nan li, ou wè, answit lè li fini alò mesaj yo kòmanse, yon lòt, alò jis anvan, se toujou nan lòd, toujou; men yon fanm gen dwa sa.

46 Pou pwochen an, mwen ta jis renmen, pran yon ti tan pou reponn sa a, mwen pral li gran tit la:

TRADIKSYON YON LABIB KOMEN PA TWA KONFESYON FWA DIFERAN AN KÒMANSE. Washington, 15 oktòb la. Entelektyèl Katolik, Pwotestan ak Jwif k ap travay an ekip kòmanse yon nouvo tradiksyon Lèzekriti ansanm, sa ki ka vin vrè Bib kanon an ke moun ap tann lan.

47 Gen kèk lòt bagay isit la mwen ta renmen etidye yon ti kras anvan mwen fè anons sa a. Nan lòt mo, nou wè jis egzaktman de kisa n ap pale a, jis egzaktman sa Lekriti di ki pral rive nan jou sa yo, ke bagay sa yo pral mete tèt yo ansanm epi fòme yon imaj pou bèt la. Egzaktman. Yo te eseye li, epi travay sou li, epi kounye a yo gen pi bon opòtinite yo te janm genyen pou prezante li, paske li jis nan men yo. Epi se rezon ki fè m ap pote mesaj pwofetik sa yo, paske m panse li alè.

48 Epi si gen yon moun ki ta ka tounen chak swa, n ap eseye kòmanse bonè epi kite w soti bonè. E si m pa fini sijè a, alò m ap anonse l nan demen maten. Si nou pa fin poze baz la apati vèsè 19 la, apati vèsè 9 la a rive nan vèsè 20 an aswè a, nou pral kòmanse sa nan demen maten a dizè. Nou pral fè w konnen nan fen sèvis la, kijan n ap fè sa.

49 Epi answit demen swa sou legliz Efèz la, pou kòmanse, epi answit diran sèt nwit yo: Efèz, Laj Legliz Efèz la; ak Esmin; ak Pègam; ak Tiyati; ak Sad; ak Filadèlfi; ak Lawodise, dimanch pwochen.

50 Epi lè m konnen gwo bijou sa yo ki blayi sou wout la, li tèlman difisil pou m retire men m sou yo jouk lè a rive. Jis wè yo la, epi santi Lespri a ap nourri pèp la, sa fè m jis anvi sote byen vit epi—epi di yon bagay sou yo; men mwen jis gen pou m retni m epi mete yo nan laj yo epi

nan epòk yo. Kifè si ou rate youn nan sware yo, asire w ke ou jwenn bann lan oswa yon fason ke ou ka sezi Li, paske mwen vle l ale tout kote. Epi mwen te fè sa paske Sentespri a te dirije m pou m fè sa; se sèl rezon ki fè m ap fè l. E mwen menm, si m pa t panse sa t ap ede legliz la...Epi nan jou sa a, sonje, lè a pral rive byento kote nou p ap ka fè reyinyon sa yo, epi nou dwe fè li kounye a pandan nou gen tan pou nou fè li. Ou wè, nou pa konnen ki lè yo pral rete sa a, la.

51 Epi konsa, pral gen yon sendika pami legliz yo epi yo pral ini tèt yo ansanm, yo pral fòme tèt konfederasyon legliz yo, e yo deja gen yon gwo bilding Nasyonzini ak chak denominasyon ladan l. Epi w ap swa oblije fè pati youn nan denominasyon sa yo oswa yo va dechouke w. Epi se moman sa a kote nou dwe montre sa nou ye vrèman epi asire nou ke nou konnen, pa yon sipozisyon, men konnen ENSI DI SEYÈ A epi ki kote nou kanpe. Ti Legliz la te toujou an minorite a, se yon ti gwoup piti ki...yon ti fil, tankou yon—yon fil wouj ki travèse Bib la, men se toujou Legliz la. Epi nou vle sonje li.

52 Kounye a, jis yon ti kòmantè anvan nou li ankò. Maten an nou te pran Divinite Siprèm nan Revelasyon Jezikri a, ki se moun Bondye te revele L ba nou maten an kòm Divinite Siprèm lan: Gran MWEN SE a (pa Mwen te *oswa* Mwen *pral*), MWEN SE, toujou. Epi nou remake nan premye chapit Apokalips sa a, nan Apokalips...De kilès revelasyon an ye? Jezikri. Kòm ki premye bagay Li revele Tèt Li isit la? Li se Bondye ki nan Syèl la. Pa yon dye trinitè, men yon sèl Bondye. Yon sèl Bondye, e Li revele Tèt Li konsa nan premye chapit Apokalips la. Epi li pale de sa kat fwa nan premye chapit 1a pou pa gen yon erè. Premye bagay ou dwe konnen, ke: Li pa yon pwofèt, Li pa yon—yon dye minè, Li pa yon dye segondè, Li se Bondye! Li se Bondye. E kifè se poutèt sa, Revelasyon an vini, epi nou toujou ap kontinye avèk Li aswè a pandan n ap dekouvri sèt eleman pèsonalite, moun ke Li ye a.

53 Epi, o, se pou Bondye ede nou pandan n ap anseye Pawòl sa yo. Mwen—mwen—mwen te etidye li sou yon pwendvi istorik, men m ap tann jiskaske mwen rive dèyè chè a isit la pou enspirasyon an. Paske mwen santi ke nou chita ansanm nan lye Selès yo nan Kris Jezi, e ke Lespri nou, pati pa w la, lang Dife a (Sentespri a) ki sou ou a prale sou yon lòt, epi sou yon lòt, epi sou yon lòt, Li limen gran Kò Bondye a epi li mete L anfe, e se la revelasyon yo...

54 Kounye a, bagay n ap pale a, yo te poze m kesyon sa a, “Èske fanm yo ta dwe... ak lòt bagay konsa?” Se egzakteman sa ki te kòmansè fè legliz la tonbe nan dezòd li yo nan kòmansman an, yo te pran tout solanite a nan men oditwa a epi yo te mete l dèyè chè a. Men, Bondye se Bondye oditwa a. Li travay nan chak èt imen, Li viv nan tout kè ke Li ka antre ladan l. Li jwenn moun ki gen don sa yo epi Li travay nan yo. Koulye a, si dyab la pa ka pran yo sou yon bagay, alò li vini epi li jis fè yon gwo espektak avèk anyen ditou epi li elwaye moun yo.

Menm jan Pòl te di: “Lè nou reyini ansanm, si nou tout pale an lang, e moun ki pa gen konesans lan antre, èske li p ap di: ‘Nou fou! Se moun fou nou ye!’? Yon moun ki pale an lang, epi sesi ak *se/a* pa an òd, ak tout bagay, sa p ap mache. Men,” li te di, “alò si yon moun pwofetize epi li revele sekre ki nan kè a, alò yo pral di, ‘Se vre wi: Bondye avèk nou.’” Men, si yon moun pale an lang pa yon revelasyon epi li bay entèpretasyon li, yon bagay pou edifye legliz la, lè sa a tout legliz la ap edifye pa li. Si Bondye pale nan yon moun nan yon lang ke nou pa konnen anyen sou li epi li bay yon moun li epi yon lòt entèpretasyon an, epi si l di yon sèten bagay ki rive jis egzakteman jan li te di a, lè sa a, nou gen Lespri Seyè a nan mitan nou. Epi, o, ann fè efò pou sa, zanmi; ann—ann kenbe dife sa a limen.

55 Kounye a, jis anvan nou louvri... gwo kanon Ekriti sa a, m ap mande si li ta twòp si nou ta ka jis leve kanpe epi chanje pozisyon nou jis pou kèk minit pandan n ap priye.

56 Bondye Toupwisan an ki te fè Seyè Jezi a soti vivan nan lanmò a epi ki te prezante L ba nou (apre mil nèfsan lane) kòm Bondye enfayib nan Syèl la, nou di Ou mèsè pou sa a epi pou Prezans Li avèk nou chak jou nan mach kotidyen nou an. E nou tèlman kontan konnen nan lè konfizyon sa a lè mond lan pa konnen kisa pou yo fè, y ap fouye twou nan tè a, y ap fòtifye tèt yo ak beton, men, O Bondye, yo pa ka kache devan kòlè Bondye a. Gen yon sèl—yon sèl remèd, Seyè, e nou tèlman kontan nou te aksepte Li : "Lè m va wè San an, M ap pase anlè tèt nou." O, ala nou kontan pou pwoteksyon San Ayo Bondye sa ki sifi nèt aswè a, Gran Prèt la, ki kanpe nan Laglwa aswè a ap fè entèsesyon sou pwofesyon nou an. Nou tèlman kontan pou nou genyen Li avèk nou aswè a, gran Oratè a, gran Sentespri a, gran moun ki bay onksyon an, gran moun ki bay Lavi a.

57 Epi kounye a, Seyè Bondye, menm jan mwen te reyini moun sa yo ansanm isit la anba twati sa a aswè a, epi nou te rasanble isit la antanke legliz la oswa yon pati ladan l, nou pa rasanble nan non tabènak sa a oswa nan non okenn moun, men nan Non Jezikri. Kite Lespri ki te domine kò Li ak lespri Li, e ki te kontwole L, antre nan nou aswè a epi entèprete Pawòl la epi preche Pawòl la, epi bay kè nou ki grangou pandan n ap tann Li. Paske nou mande l nan Non Li ak pou glwa Li. Amèn. (Nou mèt chita.)

58 Kounye a, pou nou menm ki gen Bib nou yo, ale nan chapit 1 nan Apokalips epi kòmanse soti nan 9yèm vèsè a; kreyon nou yo ak papyè yo, epi mwen pral eseye ba nou kèk ti dat elatriye pandan m ap avanse.

59 Bon, sa a se an reyalyte... Maten an te plis on jan de predikasyon, ki te mete fondasyon an sou Divinite a, nan Revelasyon an; Bondye ap revele L nan Kris. Konbyen moun ki kwè Sa ? Bondye te revele nan Kris, Jewova te revele nan Kris. Kounye a ki kote Bondye pral revele?

Nan Legliz Li, ak pèp Li, nan nou. Menm Lespri a, menm zèv yo, menm manifestasyon an, menm lanmou an, menm padon an, menm longanimite a, dousè a, pasyans lan, lapè a, mizèrikòd la, tout sa ki te nan Kris se nan Legliz la. Sonje, kenbe sa a nan lespri ou: tout sa Bondye te ye Li te vide li nan Kris (Li te plenitid Bondye a nan kò), epi tout sa ke Kris te ye Li te vide l nan Legliz. Bondye anlè nou, Bondye avèk nou, Bondye nan nou. Triinite Bondye a, Bondye manifeste nan twa fason diferan: Papa, Pitit, Sentespri.

60 Revelasyon an te montre Li pa twa dye, ni Li pa koupe an twa moso. Men, Li se yon sèl Bondye ki te Bondye nan epòk Patènite a, Li te Bondye nan epòk Pitit la, Li se Bondye nan epòk dispansasyon Lespri Sen an, menm Bondye a. Pa twa diferan, pa twa pèsòn, pa twa pèsònalite. Li se yon sèl Pèsòn, yon sèl pèsònalite. Ou pa ka yon pèsònalite san ke w pa yon pèsòn. Gen kèk moun ki di, "Li pa twa pèsòn, men Li se twa Pèsònalite." Ou pa kapab divize sa; paske si Li se yon pèsònalite, Li se yon pèsòn; dwe gen yon pèsòn pou fè yon pèsònalite. Donk Li se yon sèl Pèsòn, yon sèl pèsònalite; menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; Alfa, Omega; Sila ki te la, ki la, e ki gen pou vini an. O, Li jis TOUT. Mwen renmen sa.

61 Gade nati Li, lavi Li, zèv Li. Yo ta dwe manifeste isit la nan tabènak sa a, menm jan sa te ye nan jou pa Li a. (Mwen di sa a san prejije; Bondye konnen sa.) Se pa sèlman isit la, men atravè mond lan. Mwen byen kontan ke li konsa. Alò nou konnen ki kote nou kanpe paske nou gen menm Lespri sa a nan nou, k ap aji avèk nou pou montre ke Li la. Se pa nou, se Li menm; nou pa ka fè bagay sa yo, se Bondye. Anplis de sa, nan mond syantifik la, Li te pèmèt yo pran foto Li. Avèk nou, nan nou, bò kote nou, anlè nou, atravè nou, k ap travay nan nou epi deyò nou. O, ala bèl bagay!

62 Yo te konn chante yon ti chante:

MWEN SE ki te pale ak Moyiz, nan yon ti touf bwa Dife.

MWEN SE Bondye Abraram, Etwal ki klere nan maten an.

MWEN SE Woz Sawon an; o, ki kote ou te di ke mwen soti?

Èske w konnen Papa m, oswa èske w ka di Non Li?

O, kiyès ou di Mwen ye, oswa ki kote ou di Mwen soti?

Èske w konnen Papa M, oswa èske w ka di Non Li?

MWEN SE Alpha, Omega, kòmansman an depi nan fen an,

MWEN SE tout kreyasyon an, e Jezi se Non an.

63 O, Ala bèl bagay, Revelasyon an! Koulye a, sonje, ou pa ka jwenn Li atravè teoloji yo, Li pa vini konsa. Li pral sèlman vini kòm yon revelasyon. Batèm dlo a, lè l fèt avèk Non Jezikri, kapab sèlman bay kòm revelasyon. Jezi ak Bondye yo se menm moun ka vini sèlman kòm yon revelasyon. Tout Bib la bati sou revelasyon. Tout Legliz la bati sou revelasyon. Matye 17 di, "Paske mwen di, 'Sou wòch sa a (revelasyon espiyèl la) M ap bati Legliz mwen an, e pòtay lanfè yo pa ka domine sou Li.'" Nou te bay defi a nenpòt moun pou montre nou, nenpòt kote, istwa oswa Lekriti, kote te gen yon moun ki te janm batize nan non "Papa, Pitit, Sentespri" an deyò legliz Katolik la jouk epòk Martin Luther a. Lè sa a legliz Pwotestan an, li te ...

64 Epi, tout mal, koute, pandan n ap antre nan laj legliz yo, chak mal ki te nan premye legliz sa a, te vin kontinye nan pwochen an. Jis te kontinye desann jiskaske finalman li fini nan apostazi konplè nan dènye jou a. Chak sa ki mal jis kontinye ap fè kous li nan chak legliz, chak ti ism ki te kòmanse soti. Tankou nan Jenèz, pye rezen an, te kòmanse grandi, li tise wout li atravè legliz la epi li parèt nan dènye jou yo. Se pa etonan Bib la te di: "Byennere moun ki chape nan jou sa a." Wi, mesye, ki chape anba tout bagay sa yo.

65 Kounye a, mande Bondye pou...pandan n ap pale de Revelasyon, mande L pou L ba w yon revelasyon de bagay Sa a. Paske se sèlman pa revelasyon ou ka konnen L, epi ou ka sove sèlman pa revelasyon. Ou gen yon konesans sou Li, entelektyèlman, men ou pa ka sove jiskaske Li revele ba ou. "Pèsonn pa ka rele Jezi Kris la, sèlman grasa Sentespri a." Se sa Bib la di. Pèsonn pa ka di Jezi se Kris la jiskaske li resevwa Sentespri a. Li ka di: "Pastè a di sa, Bib la di sa." Yo se verite. "Legliz la di sa." Sa se vre. Men, ou pa konnen tèt ou jiskaske Sentespri a revele Li ba ou, epi Li vin nan ou. "Pèsonn pa ka rele Jezi Kris la, sèlman grasa Sentespri a." Se pa pa konesans, se pa pa mwayen entelektyèl.

66 Ki jan yo pral fè yon Bib ki... Eseye tòde Li, pou fè L konfòm ak Jwif yo, Katolik yo, ak Pwotestan yo, alòske yo diferan menm jan kon lajounen ak lannwit. M te panse jwif yo te konnen pi plis pase sa; Mwen devine petèt ke se jis lè a pou sa rive, kote tout sa gen pou ale nan gwo apostazi sa a. Se konsa, epi devan tout bagay sa jis sonje, nou pa ka rete li, men sèl bagay nou ka fè se jete Limyè a la, petèt bay tèt nou kòm yon mati epi pati, kidonk se sèlman fason sa nou ka fè li. Men, anpil pral gen pou fè sa. Se konsa, se fason sa Bib la etabli, epi ak bagay sa yo ke n ap trete a. Si mwen pa fè atansyon, mwen pral antre ladan l.

67 Bon, premye bagay sou Liv Apokalips la, li kòmanse anonse ke Se Revelasyon Jezikri a, ki moun Li ye. Bon, Jezikri se Bondye Toupwisan an. Nou konnen sa. Konbyen moun ki kwè sa? di "Amèn." [Kongregasyon an di, "Amèn!" — Editè a.] Li se Bondye Toupwisan an, e Li gen yon sèl Non. Non sa a se sèl Non yo bay anba Syèl la kote nou dwe sove, Jezikri. "Poukisa yo pè Li nan batistè a?" se sa mwen pa ka mande m. En-en. Ou wè? Se paske lespri sa a te

enfiltre la nan Laj Esmin lan; epi li te glise tèt li jis nan gwo laj fènwa sa a, epi li te fè l tounen yon doktrin, epi li te soti ak li nan dènnye jou sa a. Kounye a, jis obsève istwa a ak Bib la pandan n ap etidye semèn sa a, ki jan yo—ki jan yo rann bagay sa yo klè.

68 Bon, pwochen bagay la. Kris te bay Jan li, pa mwayen yon anj, pou l te bay legliz pa Li yo (kisa?), pou L revele li bay legliz Li yo. Epi sèt zetwal nan men L yo se te sèt mesaj sèt legliz yo. Epi chak moun ki pral janm gen yon Mesaj, pral genyen sa, menm vrè Mesaj la ki kòmanse depi nan debi a.

69 E pi plis ankò, lè nou va abòde lòt aspè sa yo, pou nou wè ki jan Bondye te ranje bagay sa yo, se yon bagay mèveye. Sa pral jis fè w rele byen fò. Mwen te li sa, epi m te mache pandan yon ti tan epi m te kriye, m te tounen vin chita, epi m te mache ankò on ti kras. Mwen te kontan anpil lè m konnen sa: Ki jan Bondye te gen mizerikòd pou nou pou L te fè nou wè bagay sa a nan lè n ap viv la? Ebyen, se tankou Jezi te di, "Yon nonm vann tout sa li te genyen pou achte yon sèten dyaman." Ou separe totalman de mond lan, bagay ki nan mond lan, ak tout bagay ki gen rapò ak nenpòt lòt bagay, pou w gen Sa a. Se vre, ou atache tout ank ou drèt ak bagay Sa. Se ank nanm lan sa : wè revelasyon Pawòl Li a.

70 Kounye a, nenpòt moun ki li Sa gen benediksyon. Eske se vre? Epi nou te di maten an, si ou pa kapab li, tout moun ki tande yo li L, se yon benediksyon. Kounye a, Li kòmanse ak yon benediksyon pou moun ki pral menm chita epi tande y ap li L, epi li se yon madichon sou nenpòt moun ki pral eseye ajoute nenpòt bagay nan Li oswa retire nenpòt bagay nan Li. Alò si Bib la klèman revele ke Jezi te Bondye Toupwisan an, ebyen malè pou moun ki pral wete L soti la. Wi. Se yon revelasyon. Nenpòt moun ki ta ajoute nenpòt bagay...Se kanon konplè Apokalips la; se dènnye Liv Bondye a, dènnye Pawòl Li yo, dè-...Epi nenpòt revelasyon ki vin kontrè ak Sa a, se yon fo pwofesi; li pa vin de Bondye, paske sa a se Laverite.

71 Epi, sonje, sa a se sèl liv nan Bib la ke Kris la te andose, li menm. Panse a sa! Liv la sèlman, se revelasyon pwòp tèt Li. Sèl liv li mete so L sou li, li mete benediksyon L yo ak madichon L yo. Benediksyon pou moun ki pral resevwa L , madichon pou moun ki pa pral resevwa Li.

72 Bon—kounye a nou rive sou zile Patmos kounye a pou nou kòmanse, nevyèm vèsè a. Tou dabò, nou vle di se... Tit sa a se: Vizyon Patmos la. Li te fèt nan tan apre delij la, ant 95 e 96 apre delij la. Kote a te nan zile Patmos la. Pozison l se trant mil bò kòt Azi Minè a, nan lwès, anfas legliz Efezyen an, nan Lanmè Eagean la ki delimite pa lanmè Mediterane a. Sa se pozisyon kote l ye a.

73 Panse a sa! Kounye a, yon ti zile ki trouve I a trant mil de kòt Azi Minè a, nan Lanmè Eagean lan. Jis anfas legliz Filadèl a -...oswa legliz Efèz la, kote yo te bay premye mesaj la, kote Jan te pastè nan epòk sa a. Nan lòt mo, li te vire gade dwat nan kote lès la epi li t ap gade dirèkteman legliz li a, depi kote I te ye a. Epi premye Mesaj la te pou legliz li a, ki te reprezante yon laj legliz la. Dakò, yo te bay Sen Jan diven an visyon an, li te pastè legliz Efèz la nan epòk sa a.

74 Nan ki eta zile sa a te ye lè sa a? Ki kote I te ye, e nan ki kondisyon I te ye? Ebyen, yo te konnen I nan listwa kòm yon zile plen wòch ki chaje sèpan, eskòpyon, zandolit, elatriye. Li fè trant mil anviwon, epi chaje ak wòch. Yo te itilize I, nan epòk Jan, tankou prizon Alcatraz. Yon kote anpi women an te egzile kriminèl yo, vre kriminèl terib yo, ke yo pa t kab kenbe nan prizon e bagay konsa, yo ta mete yo laba a la a sou zile sa a pou yo mouri; kite yo rete la jiskaske yo mouri.

75 Kesyon: Rezon ki fè Jan te la? Yon nonm pye, yon nonm jis, yon nonm ki gen bon repitasyon, yon bon karaktè, ki pa janm nan pwoblèm, poukisa nonm sa a te la a? Bib la te di, "Pou Pawòl Bondye a ak temwayaj Jezikri a."

76 Koulye a, nou gen anviwònman an. Zile Patmos la, nan Lanmè Eagean lan, trant mil bò kòt la, apeprè apeprè trant mil otou li, plen wòch, plen zandolit ak eskòpyon ak lòt bagay, epi yo itilize I kòm yon prizon (tankou Alcatraz). Yo met yon prizonye ke yo pa t ka kenbe nan prizon isit la, yo... si tèlman yon kriminèl terib, ke yo te voye I Alcatraz.

77 Epi kounyeya yo te pran sen Jan diven sa a...dènye nan disip yo, epi sèl limenm ki te mouri yon lanmò natirèl. Jan, anvan I te al sou zile a, yo te akize I ke I te yon "sòsyè," epi yo te bouyi I nan yon chodyè grès pandan vennkat èdtan, san I pa boule I. Ou pa ka bouyi Sentespri a nan yon moun...?...Bouyi I pandan vennkat èdtan nan yon chodyè grès, san okenn domaj. E I te di, rezon—ke Women yo bay, sèke, "Li te yon sòsyè, epi li te ansòsele grès la." Gad kisa lespri chanèl la ka panse! Kounye a, ou wè, lè yo rele nou "moun k ap li nan panse yo, divinò, ak Bèlzeboul," èske w wè ki kote ansyen lespri sa a soti? Men ou wè ki kote vrè Lespri a soti? Se laj legliz yo. Ou wè? Vennkat èdtan, te nan grès, cho ka p bouyi, epi pa janm menm touche I'. Oh, ki jan Bondye te poste I nan limenm ak Sentespri L la. Travay Li a pa t fini.

78 Yo mete I' sou zile a pou dezan. Epi pandan Bondye te mete I la a pou kont li, li te ekri Liv Revelasyon an jan Zanj Senyè a te revele I a li a. E apre, osito ke sa te fini, li retounen nan peyi kote I te fèt la epi kontinye pastè legliz Efèz la. Li te mouri epi yo te antere I Efèz, Jan diven a.

79 Oh, ala yon anviwònman kounye a! Dakò, legliz la lè sa a, sou Jan, oswa anba gwo pèsekisyon, Jan ekri nevyèm vèsè a: *Mwen menm Jan, ki se frè w tou... nan tribilas -... epi konpayon nan tribilasyon yo, e nan wayòm nan ak nan pasyans Jezikri, te nan zile yo rele Patmos la, pou pawòl Bondye a, ak temwayaj Jezikri a.*

80 Nan lòt mo, li te pran Pawòl Bondye a epi li te pwouve L, ke Sete Pawòl Bondye a, e Kris la te tounen atravè li e te temwaye ke li te gen rezon. Se sa l ye. Pawòl Bondye ki te manifeste nan li, sa ki pwouve ke l se sèvitè Bondye. Alòs yo pa t 'kab nye Sa, kidonk yo te oblije di ke l te yon "sòsyè." "Li te ansòsele grès la epi li pa t ap fè l mal, epi li te ansòsele moun yo e yo pa t geri, e li te yon divinò ki pa t kab...kèk sòt de move moun, yon espri mala -... yon move lespri . ." Epi se pou rezon sa a yo mete l la a, yo panse l te danjere pou l te nan mitan sosyete a. Men li te sèlman ap akonpli volonte Bondye, e Bondye te gen yon objektif nan tout kondisyon sa a.

81 Li pa t kapab sèvi ak li, ak tout pèsekisyon yo e bagay sa yo, paske sen yo t ap vini, "O, Frè Jan, kisa nou pral fè ak sa? Epi kisa nou pral fè?"

82 Jan te yon pwofèt, nou konn sa. Epi se konsa yo t ap poze kesyon sa yo, kidonk Bondye jis te fè Anpi Women an pran l epi mete l la a sou zile a. E te di: "Koulye a, annouwè, Jan, mwen vle montre w yon bagay ki pral rive." Dènye nan apot yo, pa t gen okenn lòt pou ekri L, sof Jan. Konsa yo mete l sou zile Patmos la pati de lane 95 apre delij la jiska 96 apre delij la. Epi li te ekri L, e l te di: Mwen...se frè w, e konpayon nan tribilasyon ,...

83 Kounye a, li pa t pale de Grand Tribilasyon an. Sa a pa t 'Grand Tribilasyon an, epi li pa vin a Legliz la. grand tribilasyon an vin pou jwif la, pa pou legliz la. Kidonk se pa t tribilasyon an, Grand tribilasyon an.

84 Kounye a dizyèm vèsè a: Mwen te an Espri nan jou Seyè a, epi m te tandè dèyè m... vwa... yon twonpèt, Mwen te annEspri nan jou Seyè a,...

85 Kounye a, ou pa kab fè anyen ki byen jiskaskè w antre nan Lespri a dabò; Bondye pa ka sèvi ak ou. Ou se—ou se—ou se—ou se...Tout efò w yo—se pou anven jiskaskè dabò ou fè l annEspri. "Si m ap chante, m ap chante annEspri. Si m ap priye ", Pòl di, mwen pral priye annEspri. E ansuit si nenpòt bagay ki bon an vin a mwenmen, li dwe revele a mwen pa Lespri a epi konfime pa Pawòl la ( manifeste pa rezilta ke l yo pote yo).

86 Kounye a tankou, nan lòt mo, si m di, Jezikri te pwomèt nan Pawòl li a si m ta repanti, batize nan Non Jezikri, m ap resevwa don Sentespri a. Premye bagay pou m fè se repanti. Sa

te revele a mwen ke se vre. Kidonk batize nan Non Jezikri, ansuit rezilta a se: Mwen pral resevwa Sentespri a.

87 Si m malad, e Li te pwomèt mwen si m ta kwè epi si ansyen legliz yo wenn mwen ak lwil, priye pou mwen, lapriyè lafwa ap sove malad yo. "Seyè, mwen kwè. Mwen swiv enstriksyon W yo, se pou yon ansyen priye pou mwen, wenn mwen ak lwil." Sa regle, jis kontinye, se tou—tout bagay fini.

88 "O," ou di, "ou pa santi okenn diferans, malgre sa." Jezi pa t fèt, lè Bondye te touye l anvan fondasyon mond lan, lè li te—Li te Ayo Bondye a, sakrifye anvan fondasyon mond lan. Men, nan pwòp panse Bondye a, sa te deja fèt. Mwen pat la Lè sa a, ni oumenm tou pa t la; men nan liv Bondye a, si non nou te janm la, li te enskri la a anvan fondasyon mond lan.

89 Lè Bondye di yon bagay, li dwe rive. Konsa, lè w satisfè kalifikasyon Bondye yo, jis sonje, Bondye pral manifeste l epi okipe l de rès la, jis kontinye avanse, se yon travay akonpli. Oh, eske se pa yon bèl bagay? Oh, lala, panse a sa! Jis di Bondye... Epi Bondye di, "Ou fè sa a, epi M pral fè sa a." Bon, si m al fè si, li te dwe fè sa a.

90 Kounye a, dyab la di: "Ou wè, li an reta." Sa pa fè okenn diferans. Danyèl te priye yon sèl fwa epi li te pran venteyen jou anvan zanj lan te menm rive jwenn li, men li pa t dekouraje, li te konnen ke l t ap vini kanmenm, alòs li te jis tann jiskaske l rive la a. Sa se lide a. Oh, se lè sa w ap vin gen lafwa. Koulye a, nou dwe debarase n de sa, nou ta gen yon sèvis gerizon prese prese, pa vre? Se vre. Ya a, lafwa. Men, nou vle yon sèvis gerizon nanm, pou geri anndan an, paske se sa ki pral dire, pou gen Lavi Etènèl. Lavi Etènèl pa disparèt ni vin vyeyi, li rete, rete menm jan an.

91 Kounye a, li te antre annEspri anvan ke yon bagay te rive. Premye bagay li te fè, li te sou zile yo rele Patmos (tout bagay sa yo ke yo te fè a), epi l te di, "Mwen tandè yon Vwa," ak tout lòt bagay sa yo. Men, anvan yon bagay te rive, li te annEspri. E si w remake ke nan Bib ou a, gwo lèt majiskil Lespri, Sentespri. Amèn! Li te antre annEspri. Oh, mwen jis panse sa se yon bèl bagay: mwen te annEspri nan jou Senyè a, ...

92 Nan ki jou? Jou Seyè a. Kounye a, gen yon gwo diskisyon. Ann jis kalme sa, jis pou yon minit.

93 Kounyeya, jan n te di maten an, gen kèk moun ki te di ke revelasyon, Sen Matye 17 la, se te "Pyè". Legliz Katolik te di, "Li bati Legliz li a sou Pyè; li te premye Pap la." Ki jan li te kab yon Pap epi marye? Ou wè? Epi li di: "Pyè te al a Wòm, yo antere l la." Ebyen, di m 'yon kote,

nan istwa oswa nenpòt kote, ke Pyè te janm al lavil Wòm. Ou wè? Pòl te fè l, men pa Pyè. Dakò.

94 Se konsa nou ranmase nou ak tout ism sa yo ak bagay sa yo, te jis fofile antre. Ou wè? Men, ak moun jodi sa yo...tout kote w ale, yo...Gen kèk gwo legliz ki gen yon kategori klou ki te nan men L. Ou konn konbyen klou ki te genyen, klou otantik yo, jodi a ki te nan...? Diznèf. Yo te gen zo, yo te gen—yo te gen moso wòb, yo te touche epi manyen. Men nou pa genyen—nou pa gen bagay sa yo, nou pa bezwen sa. Kris la vivan! Li nan nou, pa yon klou, oswa yon moso kwa, oswa yon moso zo, oswa yon bagay. Li se Bondye vivan an, k ap viv nan nou kounye a, ap manifeste L. Nou gen sèlman yon atik komemoratif, sa a se Soupe Senyè a, komemorasyon lanmò li. Men pou Kris la Limenm, li avèk nou e nan nou. Epi se bagay sa a ke nou vle brandi (glwa Sentespri a) a mond lan. Brandi L jiskaske Limyè a etenn. Se sa.

95 Kounye a, la... kidonk, nou wè, nou te pran lòt kote wout la. Ou konnen mwen te toujou eseye vin sou sa a, e Seyè nou an te toujou revele m; gen yon ekstrèm, ak yon lòt ekstrèm, men jis nan mitan wout la ou jwenn Verite a. Èske w te remake Ezayi, kote li te di pral gen yon otowout? Ezayi 35. Epi ou raple w ki jan presye frè Nazareyen nou yo te konn chante chante sa a, ou konnen, "Otowout Sentete a. Otowout Sentete." Kounye a, si w byen li Bib ou a, li pa di "otowout sentete". Li te di, "Pwal gen yon otowout e yon chemen, epi yo pral rele l," pa otowout sentete a, men "chemen sentete a".Epi se yon konjonksyon ki fini fraz ou a. Ou wè? "Se pral yon otowout ak yon chemen, e y ap rele l chemen sentete a," pa yon otowout sentete.

96 Gade, yo bati yon wout, yon chemen ...Yon bon wout ki bati, pati ki pi wo a se nan mitan an, paske li kite tout fatra yo ale sou tou de bò yo. Se sa. Lè yon moun vrèman vin jwenn Kris la, li gen je l konsantre sou Kris la. Si li yon ti kras emosyonèl, li pral yon fanatik. Si li yon ti kras frèt, li pral ret sou lòt bò sa a e gen pou vin yon konkonb, sou bò sa a; ou wè, entelektyèl sa a. Men, bagay prensipal la se gade mitan wout la, ak ase Lespri nan ou, pou kenbe w cho e anmouvman. Amèn! Epi konnen ase pou kenbe w anba obeyisans Lespri a, pou w deplase jis lè Lespri a deplase; pa anvan oswa apre, anmenm tan Lespri a ap deplase.

97 Legliz Katolik la te di, "Revelasyon an se te Pyè." Legliz Pwotestan an te di, "Se te Kris la." Men, Bib la anseye: "Se Revelasyon li te bay (Bondye te ba li) sou Kris la." "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an." "Benediksyon pou ou Simon, pitit Jonas, chè ak san pa t revele w sa a, pèsòn, seminè, oswa yon monastè, anyen pa t anseye w. Men Papa M ki nan syèl la fè W konn sa. Ou se Pyè, sou wòch sa a mwen pral bati Legliz mwen an, epi pòtay lanfè yo pa ka tryonfe kont li."

98 Kounye a nou rive nan yon lòt kote isit la kote yo gen de lide diferan. Kounye a, M ka gen tò; si se sa, ke Bondye padonnen M. Men, mwen pral andezakò ak Advantis Setyèm Jou yo ki di ke, "Se te setyèm jou a li te nan, jou Seyè a ." Frè advantis setyèm jou yo, e anpil ladan yo, di se jou repo li te rele jou Senyè a. Legliz kretyen an rele l, jou Senyè a , "Dimanch—la, premye jou a." Epi nou remake anpil fwa ke—ke legliz kretyen an ankò, jodi a, pèp Pwotestan an, refere a li kòm "jou Senyè a, Dimanch." Sa pa eskriptirè. Dimanch te premye jou semèn nan nan Bib la, pa jou Seyè a . Epi se pa setyèm jou a, jou repo a . Li ta enposib pou l se youn nan jou sa yo paske Jan te pran dezan pou l ekri Revelasyon an. Ki jou l te ye? Ta gen anpil nan setyèm jou sa yo ak premye jou pak yo.

99 Bib la, Apokalips la te ekri de 95 apre delij la a 96, dezan. Se te jou Senyè a . Jou Seyè a se egzakteman sa l te di, e se sa l te ye. Jan te transpòte annEspri nan jou Senyè a . Sa a se jou lèzòm, men jou Seyè a ap vini. Nan swuiv ekriti yo, nou pral jwenn ke Lespri te sezi epi li te anlve nan jou Senyè a. Amèn! Se vre. Ou wè, li te nan jou Seyè a . Bib la pale de jou Senyè a. Nou pral rive sou li nan yon ti moman, anpil ekriti sa yo.

100 Premye bagay la, jou repo a, alòs ke n ap pale de sa, jou saba a se pa obsève yon sèten jou. Nou pa gen okenn kòmandman pou nou kenbe samdi pou yon jou repo . Nou pa gen okenn lòd pou n obsève premye jou a pou jou saba, nan Nouvo Testaman an. Bib la te di, nan Ebre chapit 4 la, "Si Jezi ta ba yo repo, èske Li pa ta pale de yon lòt jou." Se vre. Men, gen yon repo, oswa yon jou repo , pou pèp Bondye a. Paske, nou menm ki te kwè tou, nou antre nan repo Li a; nou sispann nan travay nou yo tankou Bondye te fè pou pa L yo.

101 Ou wè! Oh! Glwa pou Seyè a. Mwen jis santi m tèlman byen, mwen kòmanse eksite.

102 Remake, nan jou saba a. Bondye te fè tè a nan sis jou, epi setyèm jou a li te antre nan yon repo epi li pa janm tounen pou bati mond ankò. Apre sa, li bay pèp la li kòm yon komemorasyon. Paske ou pa t kab obsève l kounye a, paske lè w ap obsève jou repo a isit la, lòt bò mond lan li ankò Dimanch. Ou wè? Kidonk sa te montre li te pou yon pèp, nan yon espas ak yon tan pou pèp Izrayèl la. Men apre sa ret yon jou repo pou pèp Bondye a. Paske nou menm ki te kwè yo te antre nan repo li a, byenke zèv yo (m ap site Ebre, chapit 4 la) byenke zèv yo te fini depi fondasyon mond lan. Paske, li te pale nan yon kote...sou baz sa a,... setyèm jou a... Epi ankò, li te limite a sèten jou, li di nan David,...(ou menm ki te depoze l, Ebre 4) Ankò, li te limite yon sèten jou, li te di: nan David, Jòdi a, apre yon si long tan; Yo te tande l, Lè w tande... oswa te di, Lè w tande vwa li, pa fè kè w di. Paske si Jezi ta ba yo yon repo, (jou)... èske li pa t ap pale de yon lòt jou apre sa. Men, rete ... yon repo (oswa yon jou pou obsève saba) ...

103 Mo "repo a". Saba se yon mo etranj pou nou, ki vle di "repo". Se yon mo ebre ki vle di yon jou "repo", yon jou saba ; pa travay, repoze. Paske si Jezi ta ba yo repo , li pa t ap pale de yon lòt jou. Men gen yon repo (oswa yon jou repo ) pou pèp Bondye a. Paske, nou menm ki te antre nan repo li a , nou sispann fè travay nou yo, tankou Bondye te fè L la.

104 Nou pa janm retounen a sa nan pwochen jou nan semèn nan epi nou rekòmanse l ankò, nou te antre nan yon Repo. Jezi t'ap pale sou benediksyon yo, li te di, "Ou te tandè yo di nan tan lontan, 'Piga nou touye.' M ap di nou, nenpòt moun ki te fache sou frè l san rezon, li te deja touye l. Ou te tandè moun ki nan tan lontan yo di, Piga ou janm fè adiltè. Se kòmandman an. Men, m'ap di nou sa, nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l deja fè adiltè ak li nan kè l. Eske se sa?

105 Kidonk, tout bagay sa yo se te memoryal, jis siy, mèvèy, k ap tann vrè moman k ap vini an. Kounye a, lè Jezi te fini ak sa, Matye 11, (Beyatitid yo), li te di: Vin jwenn mwen , nou tout k ap travay di, nou tout ki fatige, e ki gen chay lou, e m ap ba nou repo pou nanm nou. Pran joug mwen an sou mwen, aprann de mwen; paske mwen dou e mwen enb ...( èske se vre?) Vin jwenn mwen, nou tout k ap travay di ...ki gen chay lou, e m ap ba nou repo pou nanm nou. ("Si ou te travay yon jou, dis jou, senk ane, trant-senk ane, senkant ane, katrevendis ane, epi ou fatige e bouke, vin jwenn mwen, mwen pral ba w repo. Mwen pral pran tout chay peche sa a sou ou, epi pral antre nan ou, epi ba w yon repo ak yon satisfaksyon pafè."

106 Kounye a, ki sa repo sa a ye? Se pou—an nou jis rezoud sa a jis yon ti moman, pou wè sa l ye. Gen kèk nan yo ki te di, "Ebyen, al fè w manb legliz la." Non! "Ou mete non ou sou liv la." Non! "Bon, yon sòt de batèm dlo." Non! Ann jis rezoud sa epi wè kisa l ye. Èske w ta renmen fè sa la menm pandan n ap tann nan? Nou pral wè ki kote Jan te ale. Nan ki jan de jou li te antre?

107 Lè Jezi te mouri sou tè a, epi travay li te fini, li te antre yon kote.

108 Kounye a ann tounen nan Ezayi chapit 28 la, ak wuityèm vèsè a. Mwen kwè se, kounye a Ezayi 28:8. Epi ann li, Ezayi 28, pwofèt la te pale sètisan douzan anvan sa te rive. Kounye a, konbyen moun ki ta renmen konnen kisa vrè saba a ye, vrè rès la? Men li. Bon, men ki kote pwofèt la te di l, e m ap montre w ki kote sa te rive. Siveye, Ezayi 28:8: Paske tout ( pwofèt la t ap pwofetize sou jou sa yo) Paske, tout tab yo plen vomisman ak salte, (moun k ap pran kominyon, moun k ap fimèn, k ap bwè, k ap bay manti epi vòlè)... konsa pa gen yon kote ki pwòp. A kiyès pou l anseye konesans ?... A ki moun ou ta ka anseye konesans jodi a?

109 Konbyen moun ki tandè Billy Graham jodi a? Se te yon bèl predikasyon li te preche a, ki jan pou yon pèp te ka kwè yon manti epi jis ap kontinye nan manti sa a e—e menm jistifye tèt

yo epi panse ke yo t ap fè sa k kòrèk. Piblik Ameriken an te pran, li te di, ap di, "Filtè yon moun ki reflechi, e sigarèt moun ki fimèn," ap aksepte youn nan manti dyab la, epi olye pou yo fè de li yon moun fou, kèlkeswa sa l ye, fimèn yon bagay konsa epi eseye fè l pase pou yon moun ki gen bon konprann. Li se yon moun sòt pou menm fimèn li, alòs... lè l plen ak lanmò ak kansè ak tout lòt bagay, e ankò l ap gonfle l nan poumon l. Li se yon moun fou. Se pa yon—pa yon—filtè yon moun ki gen bon konprann, epi pa gen yon bagay konsa. Yon nonm ki gen bon konprann p ap sèvi ak bagay la.

110 "Pa gen lavi sof si li nan 92 d'Oertel sa a ," oswa yon bagay konsa sa. Pa gen Lavi andeyò Kris la, sa se vrè Lavi a. Ki sa ki fè gason ak fanm bwè bagay sa a? Paske y ap eseye satisfè swaf sa a laba a ke Bondye te mete la a pou gen swaf Li, epi y ap eseye satisfè li avek bagay sa yo ki nan monn lan. Epi se rezon ki fè nou gen bagay sa yo. Se rezon ki fè moun yo aji konsa, paske y ap eseye pase swaf sa a ki nan yo pou Bondye, epi dyab la ap ba yo lanmò olye pou ba yo Lavi. ...tout tab yo plen ak vomi...

111 Klèje yo, tout lòt bagay, pale sou sa, "Se kòrèk pou pran yon ti plezi pwòp." Pa gen yon bagay konsa! A ki moun pou l anseye konesans? e a ki moun li pral fè...konprann doktrin? yo te sevre nan lèt la, epi yo tire lèt nan sen yo. (Kounye a, nou pa ti bebe ankò.) Paske, presèp dwe sou presèp, presèp sou presèp; liy sou liy, liy sou liy; yon ti kras isit la, epi la a yon ti kras: Paske ak bouch bege et lòt lang li pral pale ak pèp sa a. Li te di yo: Sa a se ...( kisa? Obsève jou repo a !)...Repo kote nou ka fè moun ki bouke yo ...( "Vini jwenn mwen nou tout ki fatige e ki chaje yo.")...ka fè moun ki fatige yo repoze; Epi sa a se rafrechisman an : ankò yo pa vle tandè.

112 Ki lè sa te rive? Sètisan douz ane apre, lè jou Pannkòt la, bouch k ap begaye yo te tonbe sou pèp la e yo tout te ranpli ak Sentespri a e yo te kòmanse pale lòt lang epi, Sentespri a te pran lavi yo, epi yo te sispann fè bagay monn nan. Apre sa yo antre nan yon Repo ak Kris la. Nan Ebre chapit 4 la, Pòl te di: "Nou menm ki te antre nan repo Li a, nou te sispann fè tout bagay monn nan, menm jan Bondye te fè l nan jou kreyasyon Li a, li te antre nan repo Li a, epi nou antre avèk Li apre zèv mond nan te fini." Men reyèl, vrè jou repo w la.

113 Konsa Pòl te anlve epi te te antre nan Lespri Saba a, Sentespri a te transmèt li jouk nan jou Senyè a.

114 Poukisa nou gen lagè? Poukisa nou gen pwoblèm? Poukisa nasyon kont nasyon? Jezi vini, Prens lavi a, epi yo touye Li.

115 Nan kèk semèn, oswa menm kounye a, ap gen rèn yo ak Pè Nowèl ak—ak ti klòch sonèt e tout kalite bagay ke yo akwoche yo, ki se yon seremoni payen. Se yon atik legliz katolik. Moun ap peye gwo pri ak echanj kado ak bagay konsa, payen! Nwèl se yon jou adorasyon.

116 Epi an pasan, Kris pa t fèt vennsenk Desanm nan non plis. Li pa t kab fèt. Si ou te janm al an Jide, ti mòn yo plen nèj, pi mal pase sa isit la. Li fèt nan mwa avril lè tout lanati ap parèt.

117 Kounye a, men se tradisyon yo. Epi poukisa—poukisa nou fè bagay sa yo? Paske nou suiv tradisyon lèzòm olye nou suiv kòmandman Bondye yo. Yo... Yon bagay tankou sa pa ta gen pwoblèm, men yo jis fè l tounen yon jou komèsyal. Se yon wont, yon wont pou yo fè bagay konsa. Yon seremoni payen! Ki lè Pè Nowèl te gen yon bagay pou wè ak Jezi? Ki lè lapen Pak la oswa yon poul oswa...kolore ak yon kalite lank oswa bagay li ye, osinon kèk sòt de ti lapen blan te gen yon bagay pou wè ak rezirèksyon Jezi Kris la? Eske w pa wè ki jan mond komèsyal la...?

118 Se pou rezon sa a ke yo vann ansyen liv wòkennwòl sa yo, ak fim sal sa yo, ak vilgarite, ak bagay konsa, se paske nati moun yo gen anvè pou istwa san sans sa yo. Se paske gen yon bagay ki mal nan kè a, yo pa janm antre nan repo sa a ak Bondye epi sispansyon bagay sa yo. Lè yo antre ladann epi resevwa Sentespri a, lè sa a yo fini ak mond lan ak bagay ki nan monn nan.

119 Bondye te tranpòte li. Oh, mwen pa kwè yo te fè l tankou Pòl, kounye a, monte nan twazyèm syèl la pou wè bagay sa yo. Bon, presye Sentespri a te fè kèk semèn de sa, isit la, kite m 'wè... Nan lòt mo, mwen te pè pou mouri, epi Sentespri a te pran m lòt bò a e te montre m kisa l te ye. Ou te tandè temwayaj la. Apre sa lè m retounen, "Alòs, lanmò, kot zegwui w?" M te tranpòte pou wè sa k te jis pi wo pase rido a. Li kite m tounen pou m di w ke pi wo a la a pa gen fantòm ak lespri, nou se gason ak fanm, jèn, pa janm mouri, pa janm malad, jis pi wo pase vwal la. Lanmò pa ka fè w plis pase rale w mennen w nan plas sa a.

120 Kounyeya, Jan te ravi de zile Patmòs la, annEspri, nan jou Senyè a . Sa a se jou lèzòm, lèzòm ap goumen, men jou Senyè a ap vini lè wayòm sa yo pral vin wayòm Seyè nou an ak Kris Li a, lè sa a pral gen Milenyòm ekstraòdinè a. Jou Seyè a , jou l vini an, jijman li an, sa pral jou Seyè a.

121 Sa a se jou lèzòm yo, se rezon ki fè yo frape w e yo fè sa yo vle avè w, men pral gen yon tan... Rele w... yo rele w kounye a, "Sen k ap woule epi fanatik," men gen. pral gen yon lè k ap vini, ou wè, yo pa pral fè sa. Yo pral kriye, yo pral plenn epi yo pral tonbe nan pye ou. Bib la te di, nan Malachi 4, ou pral menm mache sou sann yo apre yo fin boule; yo p ap kite ni rasin ni branch. Se egzakteman sa Bib la di: "Moun ki jis yo pral mache sou sann mechan yo".

Se egzakteman sa. Yo pa pral kite rasin oswa branch, anyen pou ki retounen. Epi yo pral fini. Kounye a, sa a se yon jou lòm (zak lòm, travay lòm, legliz lòm, lide lòm), men jou Seyè a ap vini.

122 Kounyeya, li te annEspri nan jou Senyè. Dakò, premye bagay li te tande lè l te annEspri nan jou Senyè a... Kounye a, nou jwenn dizyèm vèsè a: ...annEspri nan jou Senyè a, epi li tande...yon vwa, tankou yon twonpèt,

123 Ann pa pase yon parabòl, kounye a. Si nou dwe pran li demen, nou ka pran li, ou wè. Yon moun jis siveye revèy la, pou m ka pa fini twò ta.

124 Byen, kounye a, "...li te annEspri nan jou Senyè a." Koulye a, sonje, premye bagay ou dwe fè se kisa? Antre annEspri. Ki jan revelasyon sa yo pral rive jwenn ou? Antre annEspri. Ki jan w ap janm jwenn Sentespri a? Antre annEspri. Antre annEspri!

125 Lè w te yon pechè epi w te ale nan yon dans, ou te antre nan lespri sa a. Oh, lala, ou te kòmanse bat men w ap tape pye w, ak kraze kò w, epi voye chapo w atè a, ap pede vire tounen, ap fè komik. Ou te nan lespri sa a. Èske ou ta ka imajine yon zanmi, se te yon dansè, ki te al nan yon bal, ki di, "Bon, epi nou tout pase yon bon moman, m sipoze." "Oh!" yo ta di. "Espès de dekorasyon miray, soti kò w la a!" Ou wè?

126 Al nan yon match bezbòl, yon moun fè yon bon kou, oswa yon lòt bagay, ou chita la a ap gade, apre ou di, "Bon, m kwè ke sa a pa mal." Nah, ou pa ta yon fanatik bezbòl, ou pa ta dwe yon bon tout bon ... ou pa ta dwe nan lespri bezbòl la. Lè yon moun frape yon bon kou, w ap leve, w ap rele, "Waw! La la! Viktwa!" Voye chapo yon moun jete konsa, pèsonn pa di yon mo sou sa.

127 Alòs ke nan legliz, lè w antre nan Lespri, leve kanpe, ap rele, "Glwa! Alelouya! Bay Seyè a glwa!" Yon moun vire tou won, li di, "Sen k ap woule." (Oh, frè Wood...)

128 Mwen pral poze w yon kesyon. Si nou se sen k ap woule paske nou fè sa, alòs yo se moun ki pa sen k ap woule la ba a. Mwen ta pito yon sen k ap woule (pa oumenm?) pase yon moun ki pa sen. Oh lala! Sètènman! Moun ki pa sen sa yo.

129 Kounye a li te annEspri. Li te resevwa Lespri a, Lè sa a bagay yo kòmanse rive. Apre sa lè l antre la a, li te tande yon twonpèt. Kounye a, yon twonpèt toujou anonse yon bagay k ap apwoche. Tankou lè w ap vini...Yon—yon wa ap pwoche, y ap sonnen twonpèt. Lè Jezi ap apwoche, li pral sonnen twonpèt. Se vre? Lè Jozèf soti, yo te sonnen twonpèt. Epi kounyeya, yon bagay ap vini, Jan te anEspri epi l tande yon twonpèt. Li tande yon twonpèt, epi l vire pou gade sa k te dèyè l la lè l tande twonpèt la; apre li te annEspri a.

130 Petèt li t ap danse, li t ap sote, li t ap kouri toupatou sou zile a. Li t ap pase yon bon moman, li te annEspri. Kidonk, epi li...Sa ka sonnen sakrilèj, men mwen pa vle di sa konsa, ou wè. Li te kapab! Se... bon, li ta ka fè sa. Mwen kwè ke l t ap pase yon bon moman annEspri, jis ap bay Bondye glwa, paske se egzakteman sa k te pase lè Lespri a te tonbe sou yo premye fwa a. Lè Sentespri a te desann sou yo, yo te tranble tankou gason ak fi ki sou, e yo te aji tankou yo te sou, e yo t ap pale vit. Epi rele-...ap kontinye konsa jiskaske pèp la di, "Moun sa a ranpli ak nouvo diven." Se konsa yo te aji premye fwa a, se konsa Lespri a vin ankò, li genlè aji menm jan an. Ou wè? Pa gen anyen nouvo ak sa—bagay sa a, sa a se yon relijyon ansyen tan.Ya a.

131 "AnnEspri nan jou Senyè a ." Koulye a nou tande li. Kounye a kisa? Kounye a, kisa l t ap fè? Li te transfere de zile a kounye a, annEspri, a jou Senyè a. Lè l rive nan jou Seyè a, li tande yon twonpèt. Kisa l ye? Se yon moun kap apwoche. Yon Honorab ap apwoche. Twonpèt ap sonnen, yon moun ap vini! Li gade! Alelouya! Twonpèt: L ap di: Mwen se Alfa ak Omega, premye a ak dènye a : ...(pa anons dezyèm pati a oswa twazyèm pati a, men sèl Pati a)...Mwen se Alfa ak Omega,...("Anvan M montre w kwakseswa, Mwen vle fè w konnen ki moun mwen ye!")

132 Sa k pi ekstraòdinè nan tout revelasyon yo se Divinite a, Divinite Siprèm Jezikri, Senyè nou an. Ou pa ka rive sou premye baz la jiskaske w kwè sa, lè l soti ...Se sa Pyè te di, "Repanti, epi ansuit wè Divinite a. Batize nan Non Jezikri pou padon peche w yo, epi apres a ou pare pou w antre annEspri." Premye bagay ou dwe konnen se Divinite Kris la. "Mwen se Alfa ak Omega! Mwen soti de A rive nan Z, pa gen plis ke Mwen . Mwen te nan kòmansman an, mwen pral nan fen. Mwen se Sila ki te la, ki la a e ki gen pou vini, Toupwisan an." Panse a sa! Se sa twonpèt la te di.

133 Fè atansyon Jan! Ou te antre annEspri, yon bagay pral revele a wou. Kisa li ye? Yon son twonpèt, premye bagay la, "Mwen se Alfa ak Omega." Premye nan tout revelasyon yo. (O, pechè, koube w, repanti kounye a anvan lè a twò ta.) "Mwen se Alfa ak Omega." Se premye bagay ke L te fè l konnen, kiyès Li te ye. ( Kiyès sa a k ap apwoche a? Èske se Wa Jezi sa a? Wa Bondye a? Wa Sentespri a?) Li te di, "Mwen se tout sa! Mwen soti de A rive nan Z. Mwen se kòmansman an ak fin an. Mwen se Imòtèl la, Sila ki Etènèl la!"

134 Jis yon ti kras pita nou wè l 'nan pèsonaj sèt fwa Li a, gade sa L ye lè sa a. "Mwen se kòmansman ak fen an. Mwen se Alfa ak Omega, premye a ak dènye a. Mwen te anvan ke te gen yon premye; epi apre pa gen dènye ankò, mwen pral toujou la," nan lòt mo. "Premye a ak dènye a!" ...epi: Sa w wè a, ekri l nan yon liv, epi voye...bay sèt legliz ki nan pwovens Lazi yo; bay Efèz,...Esmirn,... Pègam ,...Tyati,...Sad,...Filadèlfi, ak Lawodise.

135 Bon, premye nan tout revelasyon yo se Divinite Siprèm Jezikri a. Ou dwe konnen kiyès li ye lè w tande Vwa a. Dakò, menm Vwa ki te sonnen sou Mòn Sinayi a, menm Vwa ki te sonnen sou Mòn Transfigirasyon an, Menm nan, “ Youn tankou Fis lòm nan.”

136 Kounye a, gade nan pwochen vèsè sa a. dakò: Epi m te vire ...( Chapit 12 la kounye a.)

137 Nou pral kite legliz sa yo trankil jis pou yon minit, paske tout semèn sa a ap pase sou legliz sa yo. Ou wè, konsa nou jis pral pase sou sa.

138 Men Li te di: “Sa yo...Mwen pral dirije w pou voye Mesaj sa a ke m montre w la.” Kiyès? “Mwen se premye a ak dènye a. Mwen se Siprèm nan. Mwen se Toupwisan an. E mwen vin di nou m ap ba nou yon Mesaj pou sèt legliz yo. Mwen vle w ekri Li, prepare Li.” Ou wè? “Epi sèt legliz ki annAzi yo.” Koulye a, yo te legliz la a nan moman sa a ak nati a nan yo ki te reprezante laj legliz sa yo k ap vini yo.

139 Kounye a: Epi m te vire pou m wè vwa ki t ap pale avè m la. Apre sa lè m vire, mwen wè sèt gwo chandelye annò;

140 "Sèt chandelye annò." Koulye a, se King...Vèsyon King James lan, ki pwobableman gen oswa yon Scofield oswa—oswa petèt yon Thompson Chain, oswa kèk nan yo, li pa kòrèk la a. Li pa di chandelye, li di sipò pou lanp, mwen kwè, se mo ki egzak, kòrèk ki te itilize nan tradiksyon orijinal la. Ou wè, nan lòt mo, sèt chandelye annò sa yo te sèt legliz yo. Li di yon ti kras pita, se-...nan ventyèm vèsè a isit la, "Sèt chandelye ou te wè yo se sèt legliz yo." Se konsa, ou wè, si se te yon chandèl, li ta dwe touswuit boule e etenn, jis yon ti moman. Men se pa bouji, se yon —yon chandelye. Li bay li tankou yon chandelye. "Lè m vire, mwen wè yon Moun tankou Fis Lòm nan kanpe nan mitan ... nan mitan chandelye yo."

141 Kounye a—kounye a gade. Bouji a ta boule touswuit, li ta etenn, pa t ap ret ankò nan li, nan kèk èdtan li ta dwe boule. Men, yon lanp, yon lanp tankou sa a ,...

142 La a, ann—ann pran yon ekriti la a, ann—ann pran Zakari 4:1, Apre sa nou ka petèt jwenn nan Zakari la a sa nou vle a. Zakari 4:1, e mwen kwè ke lè sa a, petèt nan sa a nou pral kab – tire ansanm sa n vle a. Mwen pa ka jwenn Zakari nan Sofoni, èske m kab? Dakò. Dakò. Vye bib mwen an te fin abime. Zakari 4:1, tande byen kounye a, ou gen yon bèl imaj la a: E zanj lan...

143 Pwofèt la, kounye a, jis senksan diznèf lane anvan Kris la: Epi zanj ki t'ap pale avè m nan 'te vini ankò, li reveye m', tankou yon nonm ki leve nan dòmi, (Kounye a, pwofèt la nan yon vizyon.) Epi. li di m: Kisa w wè ? Apre sa m te di: M te gade, mwen wè yon gwo chandelye ak sèt branch (Kounye a, menm mo sa a tradui "chandelye.") tout annò, ak yon bòl anlè... anlè

(sa se lanp lan.) e sèt lanp li yo sou li. , epi sèt tiyo pou sèt lanp yo, ki sou tèt yo: (Ou wè, menm laj legliz la k ap vini. Ou wè?) Ak de pye oliv bò kote l, ...( Kounye a, ki kalite...Ki sa yo te boule nan lanp sa yo nan tan Bib la? Èske gen moun ki konnen? Lwil. Ki kalite lwil? Lwil doliv? Lwil doliv.)... de pye oliv... (Ki sa li ye? Nouvo ak Ansyen Testaman an; se de ki bò kote l.) ... youn sou bò dwat la bòl la, lòt la sou bò gòch li. Mwen te reponn epi M te pale ak zanj ki te pale avè m nan, mwen di zanj ki t'ap pale avè m lan, M di: -Kisa sa yo ye, mèt mwen? Zanj ki t'ap pale avè m lan te reponn li te di: -Ou pa konn sa yo—sa yo ye? Apre sa mwen di: Non, mèt mwen. E li te reponn epi li pale avè m, li di, Sa a se pawòl Seyè a pou Zorobabèl, ki di, Se pa pa Pwuisans, pa pa pouvwa, men pa Lespri Mwen ke Seyè lame selès la. (Li pral retabli Jerizalèm.)

144 Bon, kisa chandelye a ye? Se yon baz pou lanp. E remake jan sa bèl. Men ni, kan l te vire tounen, li te wè Youn ki sanble a Fis De Lòm lan kanpe la nan mitan sèt chandelye annò, ki vle di sèt aj legliz k ap vini. E chak tib, oswa—oswa chak baz, te branche nan gwo ansanswa lwil la. E nan lwil sa ou te jwenn pa anwo yon ti lanp ki gen yon fòm etranj ki te la ak yon mèch ladann e mèch la te pandye desann nan lwil la. E osi lontan...Yo te konn vide lwil sou pa anwo baz la, ki te konn ranpli gwo tib prensipal la, ak gwo branch lan, e sa t ap fè pakou l anndan tib yo, tankou sa. E lanp ak mèch pandye desann lan, tib sa—sa nan...te kontinye ap brile, lajounen kou lannwit. Ou pat janm te gen pou limen l, li pat janm etenn; yo jis te konn vide lwil nan tib prensipal la. E baz lanp sa yo ki te soti fason sa, te gen lanp yo plase anwo tèt yo. Mèch ki te soti nan lanp lan te desann anndan la, li te tire lavi li la. O, ala sa diferan de yon chandèl. Ala sa diferan! Se yon chandelye, e sa ap tire lwil.

145 Kounye a, chandelye sa yo, se te dife ki te nan chandelye sa yo nan Ansyen Testaman. Kan yo te limen yon lanp, yo patka limen pwochen lanp lan ak menm dife yo te gen nan men yo a. Yo te konn limen yon lanp, apres sa pran l pou limen lòt lanp lan, apres sa desann li. Epi limen lanp sa a, answit pran l epi limen lanp sa a avèk menm dife ke yo te sèvi nan kòmansman an. O, m espere ke sa pa pase anlè tèt ou. “Jezikri menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan,” menm dife a (Sentespri a) limen yo chak nan legliz sa yo kontinye ap desann atravè aj yo.

146 Èske Jezi pat di nan Sen Jan 15, “Mwen se viy lan, nou se branch yo”? Bon, Li se Viy prensipal la, nou se branch yo. Kounye a, viy lan pa pote fwi yo...

147 [Espas vid sou bann lan,—Editè a.]...ke ou ka pran yon pyebwa fanmi sitwon, tankou yon zoranje, e ou ka koupe yon—yon branch soti nan—soti nan, ebyen, m te ka di, yon pye chadèk, pou fè yon ti plas sou zoranje a epi grefe pye chadèk sa ladann, li t ap grandi. Si w al

laba epi w pran yon branch sitwon pou mete l nan pye zoranj lan, l ap pouse, oubyen yon pye grenad, pou pran l, oswa, nenpòt fwi ki fanmi sitwon, tanjerin oswa tanjelo, nenpòt nan fwi fanmi sitwon sa yo, mete yo nan pyebwa sa a, li va tire soti vi pye zoranj sa; men li pap pote zoranj. L ap pote chadèk, l ap pote tanjelo, l ap pote sitwon, men l ap rale soti vi vrè viy lan, men si viy sa ta janm pwodui yon lòt viy...yon lòt branch, li va gen menm vi ki ladann lan, li va pote zoranj. Paske, nan kòmansman, nan rasin lan se vi yon pye zoranj, men lòt branch yo ka viv de li osi lontan ke yo gen nati tankou fwi sitwon. Men yo paka pote fwi orijinal la, paske yo pa fè pati de orijinal la.

148 Se fason sa legliz ye. Yo divize Viy lan pou grefe nan Li Prezbiteryen, Methodis, Batis, e latriye konsa. Sa pote fwi Batis, fwi Prezbiteryen, fwi Methodis, men si l ta jamè...si jamè pyebwa sa ta janm pouse yon lòt viy, li t ap menm jan de viy Li te pote Jou Pannkot la: Viy orijinal la! Li t ap pale an lang ak pwisans ak siy rezirèksyon Kris nan li. Poukisa? Poutèt l ap nourri l de sous natirèl kote li plante a. An reyalyite, li pa plante ladann, li ne ladann! Louwanj pou Seyè a! O la la! Mwen pat panse a sa anvan.

149 Ou wè, lòt sa yo yo grefe ladann; yo grefe yo nan pyebwa a, konsa yo pote pwòp jan de fwi pa yo. Yo paka sipòte *Sesi*. Yo pa kwè nan *Sela*, paske yo pat janm te konn anyen konsènan Li. Men si yo ne nan menm Vi ki soti nan pyebwa sa, se sèl bagay yo ka pote, se Vi tib orijinal la.

150 Tout tib lanp sa yo chita nan yon gwo gwo bòl, yon gwo tonton kontnan, ak nèf diferan...oswa nèf diferant baz lanp ki soti ladann. E lè sa, yo chak nan limyè sa yo t ap tire de sous prensipal lavi li. E limyè pa l se paske li gen chandelye li tranpe nan barik prensipal sa. O, ala yon bèl imaj de youn nan sèt zetwal sa yo (li reprezante sa) ak vi li an fe avèk Sentespri a isit la. E li...Pa lafwa l ap brile ak Sentespri a, e vi li se yon chandelye, oswa yon chandèl, men avèk yon mèch ki tranpe nan Sentespri a (nan Kris), e atravè legliz. O, ala yon imaj de vrè kwayan an! Kijan de Limyè l ap bay? Menm jan de Limyè ki te genyen lè premye chandelye a te limen.

151 Kan premye aj legliz la te kòmanse, se te Efèz. Pòl, nan legliz sa, youn nan zetwal yo ki vle di sèt zanj yo, sèt "mesaje yo." Semèn sa m ap ka pran Ekriti ak listwa pou pwouve nou

ke yo chak nan sa yo vre nan chak anj, epi chak anj te gen menm Limyè a. Se vre. E apres drèt ant aj sa yo, gran Zafè ki t ap vini an.

152 Remake, kounye a y ap tire apati de barik prensipal Lwil la, Limyè a...vi yo plonje nan Kris. Ou mouri, e vi w kache nan Kris atravè...oswa kache nan Bondye atravè Kris, epi sele pa Sentespri a. Pa gen ankenn fason ditou pou w janm elwaye w de la. Kouman w ka fè sa? Pèsonn paka manipile w. Bout vi w ap brile ak Sentespri a; o, ap brile, ap bay Limyè. Ki kote lòt bout vi w la plonje? Nan Kris. Ou mouri epi kache nan Kris, Sentespri a, ap plase L an kwa la pou w ka...dyab la paka touche w. Amèn! Li ka gazouye pou ap fè bwi. Menm lanmò limenm paka touche w, "O lanmò, kote pikan w lan? Kote viktwa l la? Remèsiman pou Bondye ki bannou viktwa atravè Seyè Jezikri nou an."

153 Fen vèsè sa, annou li l:

*E lè m te vire tounen, m te wè sèt chandelye annò; E nan mitan sèt chandelye annò a youn ki te sanble...Fis de lòm lan,...*

154 O la la! Èske w te remake? Zetwal, chandelye, lanp. Kisa sa vle di? Ke dispansasyon n ap viv ladann lan se tan aswè, chandèl ak limyè ak zetwal vle di nwit. E kisa yon etwal fè? Li reflete limyè solèy la jouk solèy la retounen. Ke Non Seyè a beni! E yon vrè minis Bondye pa reflete limyè yon flash, limyè yon ti bwa alimèt, yon choukbwa k ap brile; li reflete reyon annò Kris pou Legliz la, ke "Li se menm lan, e Li vivan, e L ap briye sou mwen." Amèn! Se Limyè sa li reflete. Etwal la reflete limyè solèy la, ou wè, kifè n ap reflete Limyè Fis de Dye a. Ap fè menm bagay Li te fè yo, ap bay Limyè. Kijan de limyè? Limyè Levanjil pou sila yo.

155 Kounye a annou obsève L jis on tikras pi lwen, pandan n ap pran rès vèsè 13 sa:

*E nan mitan (sa se mwaye) chandelye a youn ki tankou...Fis de lòm lan, abiye ak yon vètman ki te desann nan pye l, ak senti apeprè sou pwatrin li yon senti annò.*

156 Bon men plis prèv ke doktrin sa li vrè konsènan sa a kòm etan jou Seyè a. Èske w te remake Li? Li pat yon prèt pandan moman sa a, Li pat yon wa non plis, Li te yon jij. Remake, yon prèt, yon gran prèt, lè l t ap antre nan sanktyè a oswa lè l ale pou fè sèvis, pou bay sèvis, li mare senti l toutotou tay li. Sere senti l toutotou tay li, vle di ke li t ap fè sèvis; pat janm sere

I sou zèpòl li. Men la Li te soti, ap mache ak senti l sere toutotou pati anwo a, avèk yon senti toutotou zèpòl Li; sa te sere apeprè otè pwatrin lan, pwatrin lan, avèk yon senti annò, sere byen wo. Kisa sa ye? Yon avoka, yon jij. Jij la avèk senti li sou zèpòl li, sere anwo a la, pa anba tankou yon prèt. Ou wè, sa montre ke Li pat nan fonksyon prèt Li la, Jan te ale nèt byen lwen pou antre nan jou Seyè a e li te wè l k ap vini antan ke jij.

157 Ou kwè Li se yon jij? Annou li Sen Jan 5:22, rapid vit, nou va wè si L se yon jij ou non.  
Sen Jan 5:22:

*Paske Papa a pa jije pèsonn, men Li remèt tout jijman nan men Pitit la:*

158 Se sa? Li se jij; Jij Siprèm lan. E Jan montre ke Li pat nan jou pwofesi Li, antan ke pwofèt, Li pat non plis tabli nan jou rèy Li yo, men Li te nan jou Seyè a ki te Jij. Kounye a, konbyen moun ki konnen ke prèt la ki gen senti l, kòdon l toutotou tay li te vle di li t ap fè sèvis? Nenpòt moun ki li Testaman yo, ki abitye ak Ansyen Testaman an, konn sa. Kan yon prèt gen senti l toutotou isit li, li an sèvis, li se yon sèvitè. Men Limenm Li te gen senti L anwo isit la, yon jij.

159 Annou li on tijan pi lwen:

*...yon senti annò...te...apeprè wotè pwatrin...*

160 Se sa, anwo toutotou isit la, Li te Jij.

Kounye a nou pral li glwa an sèt etap Pèsonalite Li. O, la la! Sa fè m ap rele anvan m rive ladann. [Espas vid sou bann lan—Editè a.] Remake! O, sa a se yon bagay sitèlman mèveye. Jis koute:

*E tèt Li...*

161 Kounye a obsève, Li gen sèt bagay, la yo mansyone: tèt Li, cheve Li, zye Li, pye Li, Vwa Li, Li te mansyone sèt bagay la, glwa Jezikri an sèt etap. Kite m li L:

*Tèt Li ak cheve l te blan tankou lenn, osi blan ke lanèj;...zye l yo te...tankou flanm dife;*

*...pye li tankou...kwiv poli, kòm si l te brile nan founèz, epi vwa l...se son pakèt dlo.*

*E nan...E li te gen nan men dwat li sèt zetwal: e nan bouch li yon epe file de bò t ap soti: e aparans li te tankou solèy la k ap briye nan tout fòs li.*

162 Ala yon vizyon! Kisa l te wè la? Fis de Dye glorifye a, ak senbòl. Bon, annou–annou jis prepare nou kounye a.

163 O, la la, m panse li te nevè, li sèlman uitè. M poko menm kòmanse ankò. Dakò. Sa bon. Kounye a, dezole frè sa yo ki kanpe, sa mete m nan tout eta m pou ap gade yo kanpe, ou wè, paske m konnen pye yo af fè yo mal. Frè m yo si m te jis gen yon fason, nenpòt sa m te ka fè a, se sèten mwen t ap fè l. Kounye a, mwen sitèlman ta renmen nou genyen sa a. Ou ret kanpe pou yon ti tan, priyè mwen se pou Bondye rekonpanse w richman.

164 Bon–bon remake, premye bagay la, la nou remake, tèt Li ak cheve L te blan tankou lenn. Tèt Li ak cheve L te blan tankou lenn. Kounye a, sa pa vle di ke Li te aje, ke se sa ki te fè sa a. Se pat rezon an sa. Se pa laj ki te fè L konsa. Li te...Se te akòz eksperyans ak kalifikasyon ak sajes Li. Paske Li Etènèl, e Etènèl paka gen laj. Nou konprann?

165 Annou tounen dabò, e n ap–n ap figire L isit la antan ke sa a, e n ap jwenn kisa Li ye. Bon, ann al nan Danyèl 7:9, jis pou yon minit, ou jwenn menm imaj la nan Danyèl kote L te vini antan ke...la nan tan Ansyen. E prèske tout moun, etidyan Labib, konnen egzakteman ki kote n ap dirije nou kounye kounye a. Danyèl 7, epi vèsè 9 la; m ap kòmanse nan 8tyèm lan:

<sup>8</sup>Antan m'ap gade kòn yo konsa, mwen wè...yon lòt ti kòn tou piti, devan–devan sila ke yo te rache depi nan rasin twa nan premye kòn yo: epi, menni ti kòn sa a te gen je tankou...moun, ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan.

<sup>9</sup>Mwen t'ap gade toujou, jouk mwen wè yo ranje yon bann twòn,...

166 Koute kounye a. Koute byen, la. Èske nou ka tandè m byen dèyè a? Di “Amèn,” si nou tandè byen. M te mande madanm mwen dèyè a la. Mwen kwè mikwo sa a la...li pi fò isit la, se pa vre? Bon, m ap rele twò fò, mwen kwè, nan sa a.

167 Dakò, kounye a Danyèl 7:9:

<sup>9</sup> *Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon bann twòn, epi Ansyen ki te la depi nan konmansman vin chita. Rad ki te sou li a te blan kou lanèj. Cheve nan tèt li te tankou...lenn mouton: (Ansyen ki te la depi nan konmansman) twòn li te tankou flanm dife, li te moute sou wou ki te tankou chabon dife tou limen.*

<sup>10</sup> *Dife—dife t'ap koule soti devan li. Te gen mil milye moun la ki t'ap sèvi l', epi dis...dimil milyon moun kanpe la devan l'. Tribinal la te pare pou jijman an. Yo louvri liv yo.*

168 “Cheve blan!” Tout...tout moun konnen ke sa se ansyen jij nan ansyen tan yo. Tankou jij Anglè yo ki te abitye pote yon perik blan kou lanèj. Konbyen moun ki sonje sa? Vye jij ansyen yo te konn pote yon perik blan paske yo te...E men Li, k ap montre ankò ke Jan te transpòte nan jou Seyè a, li te wè L antan ke jij la. Amèn! Pa antan ke prèt, pa antan ke wa, pa antan ke pwofèt, men antan ke jij. Papa a (Se Sen Jan 5:22) te remèt tout jijman a Li. E Li se jij kounye a, ki vini pou jije nasyon yo. O paske jou sa lè w va wè L fason sa! Cheve L te osi blan ke lanèj, Danyèl te wè L k ap vini kòm Ansyen ki te la depi nan kòmansman. Obsève L k ap rasanble 2 sa yo ansanm. Dakò:

*...epi tribinal la te pare pou jijman, e liv yo te louvri.*

*E lè sa m t ap gade paske...E lè sa m t ap gade akòz de vwa gwo—gwo pawòl awogan ke kòn lan...(Non, mwen pran movèz referans lan, èske se pa sa?)*

169 Danyèl 7:9, ya, menni:

*...e wou l yo...*

*Epi dife te soti epi t ap vini...soti...li: e dè dizèn de milye te vini pou ap sèvi l,...*

<sup>11</sup> *Antan mwen t'ap gade, mwen tande vwa ti kòn lan ki t'ap pale byen fò avèk awogans. Antan m'ap gade konsa jiskaske yo touye bèt la, yo pran kò l ki te detwi, yo voye l' nan dife a, li boule nèt. (Hmm!)*

<sup>12</sup> *Yo wete tout otorite nan men lòt bèt yo, (sa vle di tout pwisans ak wayòm moun lòt nasyon yo va tonbe) men yo kite yo vivan pou yon ti tan ankò.*

<sup>13</sup> *Nan menm vizyon mwen t'ap fè lannwit lan, men youn ki te sanble ak Fis de lòm lan. Li t'ap vini...sou tèt nyaj nan syèl la,...(Kijan nou te wè L ap vini maten an, nan vèsè 3? Li t ap Vini sou nyaj nan syèl la, Fis de lòm lan.)...youn tankou Fis de lòm lan ki t ap vini sou nyaj nan syèl la, Li pwoche bò Ansyen ki te la depi nan konmansman an. Yo te prezante l' ba li.*

<sup>14</sup> *Yo ba li baton kòmandan an, yo ba li pouvwa ak otorite pou tout pèp sou latè, pou tout peyi, pou moun tout ras ki pale tout lang sèvi li. L'ap kòmande pou tout tan. Gouvènman li p'ap janm fini.*

170 Li te rive kot Ansyen ki te la depi nan kòmansman an ke cheve yo blan tankou lenn lan. E Jan te vire tounen e li te wè youn ki sanble ak Fis de lòm lan ki te kanpe nan mitan sèt chandelye annò, ak cheve blan kou lanèj, Jij la! Pa avèk senti toutotou tay li, men toutotou pwatrin Li, anwo la, yon jij! Ak senti jij la sou zèpòl Li, Li te kanpe ak yon senti annò, pi, rafine, sen, ki reprezante jistis Li. Aparans Li! Li te kouvri depi anwo jouk nan pye. Obsève manifestasyon pèsonalite L ak glwa Li an sèt etap.

171 Bon, mwen kwè se, vèsè 14 la:

*Cheve L...Tèt Li ak cheve l te osi blan ke lenn, osi blan ke lanèj; e jye l yo te...flanm dife;*

172 Tèt Li, cheve L; “jye l yo te tankou flanm dife.” Panse a sa! Jye sa yo ki yon lè te tou dou ak dlo imen, kounye a vin flanm dife. An kòlè Li kanpe la antan ke yon jij ki fache. Poukisa ou te rejte L? O, pechè, panse a sa! Panse a sa, manm legliz tyèd! panse a sa, Katolik, Batis, Prezbiteryen, Pannkotis! Panse a sa, Katolik! Vyèj Mari w la te oblije monte al lapannkot pou l te resevwa Sentespri a, pou ap kilbite epi ap aji tankou yon fanm ki sou. Menm manman Kris la te oblije gen sa anvan yo te pèmèt li gen aksè a Syèl la. Kouman noumenm fanm yo pral fè al la ak anyen an mwens ke sa? Panse a sa, mesye yo, nou chak!

173 Cheve l, ak jye l yo ki yon lè te tou dou ak dlo imen, sepandan mwen vle nou remake yon bagay konsènan jye l yo. Kan L te ankò sou tè a, yo te tou dou ak dlo nan yo tankou yon nonm, paske Li te kriye devan tonbo Laza. Dakò! Ranpli ak senpati; kote imen Li. Li te abiye,

Li te Bondye ki te abiye ak imanite, pou L te ka efase peche. Men poutan dèyè imanite sa, Li te gen yon bagay dèyè L ki te ka gade dirèk nan kè lòm epi konn tout bagay ki konsène I. Poukisa? Te gen yon bagay dèyè L, poutan Li te abiye ak chè mòtèl.

174 Men yo pat konnen kimoun li te ye. “Si nou pa kwè,” se sa L te di, “ke Mwen se Sila, n ap mouri nan peche nou.” Se jis. “Si M pa fè zèv Papa M, alò piga nou kwè M; men si M fè zèv Papa M yo, alò kwè zèv yo si nou paka kwè M.” O, ala Li te eseye fè yo gen Mesaj la, revelasyon an! Li te ka gade dirèk nan kè yon nonm, pou konn tout bagay ki konsène I. Ala m te panse a sa! Jye sa yo ki yon lè te pèse atravè mòn yo, pou t ap gade soufrans an fas, e L te ka kriye tankou yon nonm, men poutan li te ka pran Lespri Bondye dèyè vizyon imen sa la pou wè dè bagay; bagay ki te la, bagay sa yo ki te—ki te la, ak bagay ki t ap vini. Pou ap predi lafen depi nan kòmansman, se sa ki lakoz Bondye te dèyè jye imen sa yo. Kite Bondye antre nan lavi w pou pran kontwòl ou, Li va montre bagay ki gen pou vini. Paske se pa oumenm ankò, se Sentespri a nan lavi w dèyè la k ap gade atravè jye mòtèl sa yo pou fè sòti dè bagay.

175 O, glwa pou Bondye! “Mwen va devèse Lespri M sou tout chè, e pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize, jènòm nou yo va gen vizyon, granmoun aje yo va gen sonj; sou sèvant ak sèvitè M Mwen va devèse Lespri pa M.” Pa, “Sou dyak Mwen yo ak pastè, ak sou...” “Sou nenpòt moun ki vle, sou tout chè, Mwen va devèse Lespri pa M.” W ap mande poukisa m te di sa ap rele byen fò, men se sa k ap vini pou aj legliz sa yo.

176 O, men Li te la, ak jye sa yo. E, sonje, yon jou, jye sa yo ki te tou dou ak dlo ladan yo, jye sa yo va kanpe jou jijman an. Bon y ap tankou flanm dife cho ap pakouri nan tout sans tout tè a, e pa gen anyen k ap rive ke sèlman sa L konnen. O, la la, sa anrejistre. Ap pakouri tè a nan tout sans ap veye chak mouvman, ap sezi tout panse, pou konnen tout sa w ap fè, entansyon kè a, sa w gen entansyon fè. Li konn tout bagay. Li konn si w renmen L. Li konn tout bagay. E kisa sa va ye kan w va kanpe jou sa kote tout peche ap toutouni devan L, e L ap kanpe la jou Jijman Twòn Blan an?

177 Bondye, delivre m de plas sa! Mwen pa vle viv sa. Kan yon Bondye an kòlè ap mache soti la ak dife k ap soti nan jye L, ak jistis, perik blan sou tèt Li a tankou sa, ak jye I yo k ap

degaje dife ki konn tout panse kè nou, ak tout bagay ke nou te janm gen entansyon fè. Kache m nan Woche dè Zaj ki te frape pou mwen an! Vye zanmi an te konn abitye chante, “Kan mond sa a va ap pran dife, kanpe bò kote m. Kanpe bò kote m, epi kite lestomak Ou sèvi m zorye. Kache m nan Woche dè Zaj la.” Bondye, mwen pa vle jijman Ou. Mwen pa vle...Sa mwen vle se mizèrikòd Ou. Pa lalwa Ou, pa ankenn...Jis ban mwen mizèrikòd, Seyè, se pou sèl bagay m ka plede. M pa gen anyen nan menm mwen ka pote (mwen pa bon, ankenn kredi), sèlman senpleman nan kwa Ou mwen plòtonnen. Seyè, se tou sa m konnen; Youn te vini pou pran plas mwen.

178 Obsève pèsonalite Li an sèt etap, e ou va wè ke se sa L te fè.

*Tèt Li...te blan tankou lanèj; tankou lenn, cheve blan; epi jye I yo te tankou...(ann gade)...Tèt Li... te blan tankou...lanèj; e jye I yo te ...flanm dife;*

*E pye I te tankou...kwiv rafine, tankou sa te brile nan founèz;*

179 Obsève kounye a. Nou fèk remake la kijan abiman L te ye, ou konnen. Bon obsève. Tèt Li, jye L yo, kounye a l ap desann nan pye L ki tankou kwiv. Obsève kontrè a imaj sa la ke Jan te genyen de Jezi, ak sa Danyèl te wè de pakèt anpi mond lan, tèt annò a e latriye.

180 Gade kisa sa te ye isit la, ki te kanpe la, kwiv. De kisa kwiv pale? Kwiv pale de jijman, jijman Diven. Sa montre ke tout objektif li okonplè pou vini isit la sou tè a antan ke Bondye, pou fè L chè, pou L te mouri pou nou epi pran jijman Bondye a, jijman Diven an, e pou L te resevwa yon Wayòm solid an kwiv, ki paka ebranle. Pa gen anyen ki pi di ke kwiv, e yo poko janm jwenn anyen ki ka depase l.

181 Jijman! Kwiv pale de jijman Diven ki te pwononse. Gade sèpan an kwiv nan dezè a. Kisa sèpan an kwiv sa te reprezante? Sèpan an te reprezante peche; men, poutèt se kwiv, jijman te deja pwononse sou peche.

182 Kounye a, remake tou nan jou Eli yo, kan yo te rejte Eli kòm pwofèt, ti fil sa, ansyen aj legliz la. Youn nan jou sa yo m ap preche l pou montre nou ke Izrayèl te gen sèt aj legliz, tou, ki ale egzakteman ak sa yo. E nan aj legliz pa yo a, nan tan Eli, yo te refize l e te gen twazan

e sis mwa pat gen lapli. E ansyen pwofèt sa te di ke “syèl la sanble ak kwiv,” jijman Diven sou nasyon yo poutèt yo te rejte Bondye epi koute Jezabèl.

183 Kwiv reprezante tou jijman Diven sou lotèl kote sakrifis la te fèt, lotèl an kwiv, pou sakrifye. Fondasyon an menm te fèt an kwiv, jijman. Li t ap kraze rezen yo nan moulen gwo kòlè Bondye a pou L te pran jijman pa nou sou Limenm. Al nan Apokalips 19:15, jis yon minit, ann wè kisa L te fè. Apokalips 19:15, ann li jis on moman si m ka jwenn li. Ya, ann kòmanse apeprè...annou wè, apeprè nan vèsè 12 la:

*<sup>12</sup> Je l' yo klere...tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn sou tèt li. Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen non sa a,...pesonn dèt pa t' konnen li.*

*<sup>13</sup> Li te gen yon rad benyen nan san. Yo rele l' Pawòl Bondye. (Bon, sonje, Non Li pat Pawòl Bondye, yo te rele L konsa. Ou wè?)...yo rele l' Pawòl Bondye.*

*<sup>14</sup> Lame ki...nan syèl...lame ki nan syèl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te abiye ak bèl rad twal fen, byen blan, byen pwòp.*

*<sup>15</sup> Yon nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalye a. Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze... (Ki bagay sa?)... rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.*

184 Kisa L t ap fè? Kòlè Bondye te sou nou poutèt nou te peche. Èske se vre? Pa gen youn ki te ka sove tèt li. Pa gen anyen nou te ka fè, nou tout “Te fèt nan peche, fòme nan inikite, nou te vin nan mond lan tou ap bay manti.” E kisa L te fè? Li te vin sou tè a, Alelouya, e l te kraze rezen nan moulen an! Tout kòlè Bondye Toupwisan an te devèse sou Li. “Ou diy, O Ayo Bondye a, paske yo te sakrifye W.” Li t ap pran peche mond lan sou Limenm, Li te pote peche nou yo, pou Bondye te ka devide tout fòs kòlè L sou Li. “Li te blese pou dezobeyisans nou, brize pou inikite nou, e chatiman ki pwodui lapè pou nou te sou Li, e se avèk blesi maleng Li yo ke nou te geri.” Pat janm te gen yon nonm ki te mouri tankou Nonm sa! Li te soufri jouk san ak dlo te separe nan kò L. E gwo gout swe tankou san te soti tonbe nan fwon L anvan L te mouri.

*...moulen...kòlè...tout kòlè...Bondye ki gen tout Pouvw a.*

185 Yon jou pye jistis an kwiv sa yo (Glwa!), lè L va vini kòm jij, Li va kraze antikris la, ak tout lènmi Li yo. Alelouya! Li va domine tout tè a ak yon baton fè nan men L. Amèn! O, repanti, zanmi pechè, pandan w gen yon chans. Eseye, ap mete l de kote epi panse ke se jis yon ti istwa ki pap rive. Sa ap rive! "Sa jis paka rive m." Sa ap rive w!

186 Pye an kwiv, ap kraze lènmi Li yo. Paske Li te soufri epi Li te kraze rezen nan moulen gwo kòlè Bondye a pou L te peye pou peche nou yo. Epi pòv noumenm, koupab, mizerab vètè ke nou ye, ap monte ti nen nou anlè pou ap li yon jan de liv moun ate pou ap eseye panse "pa gen Bondye," epi ap di "pa gen ankenn jan de bagay konsa, e jijman paka vini." Li va pran pye an kwiv sa yo pou kraze lènmi Li. Li va baleye antikris la. Li va pran legliz apostat sa yo pou balanse yo byen lwen nan Letènite, kèkpa nan yon dife k ap boule kote yo va konsonmen epi disparèt. E Li va reye sou tè a, Limenm ak Legliz Li pou tout tan. Glwa!

187 "Tèt Li, blan tankou lenn," lajistis, eksperyans, elokans, konplè, sajès. Aj mi, koulè blan, pale de sajès, ansyènte. Ki konn kisa L ap fè. Li se—Li se Fontèn sajès. Li se Fontèn eksperyans. Li se Fontèn tout bon bagay, kidonk yo te reprezante L nan sa a kòm Fis de lòm lan, ki te abiye avèk cheve blan desann pandye. Danyèl te wè L plizyè santèn dane, sètсан lane, e li te deklare, "Li te Ansyen ki te la depi nan kòmansman an. Epi youn tankou Fis de lòm ki t ap vin pran pouvw a epi ini ak Ansyen ki te la depi nan kòmansman an, epitou tribinal la te drese."

188 Kounye a mwen vle jis mande nou yon bagay. M ap pale avèk noumenm legliz tyèd. Dis vyèj te soti al rankontre Seyè a, senk nan yo te saj, senk te fòl; jan nou te wè maten an, pyebwa grefe sa. Bon, sonje, pandan yo t al rankontre Bondye...Kounye a obsève, Bib la di, "Liv yo te louvri." Danyèl 7:9, "Liv yo te louvri." Sa se liv pechè a. "E yon lòt liv te louvri." Kimoun ki te vin avè L? Legliz ki te sot nan Anlèvman an. O! "Dè dizèn de milye dè milye de milye te avè L pou ap sèvi L," madanm Li, Lepouz. O, glwa! Madanm Li te vin avè L, Legliz la.

189 Tribinal la te drese, e liv yo te louvri. E yon lòt liv te louvri, se te vyèj andòmi yo, e tout òm te jije konsa apati de liv sa. Yo va mande w pou bay yon rezon poukisa w te refize, lè sa

kisa w va di? Ou konn mye kounye a, ou konn mye. Ou ka pat konn Sa anvan, men kounye a ou konnen. Ou wè? Kote ke jis la ap sove apèn, kisa k ap rive a pechè epi moun enpi an? Sila ki rejte, ki konn mye men ki rejte L. Ki kote y ap ye? Pye Li tankou kwiv, jijman Diven.

190 Kounye a, ann wè, nou pral byento...desann nan fen paj la la:

*...cheve l tankou lenn,...e je l yo te...flanm dife;*

*E pye l tankou–pye l tankou...kwiv,...ki te brile nan founèz; e vwa l...tankou son anpil dlo.*

Dakò, Vwa a. Ala yon bagay tèrib pou yon nanm aladriv sou lanmè lavi a, ankenn pilòt pou gide l, li pèdi, ap flote ak vag yo, pou ap tande bwi gwo katarak yo, chit yo! Ala yon bagay tèrib sa t ap ye pou yon nanm aladriv! “Vwa anpil dlo.” Kisa Vwa L ye? Se jijman an, vwa minis yo, atravè Sentespri a, ki t ap kriye pou moun yo nan chak aj, ki te kanpe la, Vwa anpil dlo ki t ap kriye, byen konpak ak anpil miltitud, vwa sèt zetwal sa yo ki nan men L lan, pou chak aj legliz, ap preche batèm Sentespri a, batèm lan Non Jezi a, ap pale an lang, pwisans Bondye a, rezirèksyon Kris la, Dezyèm Vini an, Jijman Diven an. Vwa anpil dlo ki t ap soti nan sila ki te sanble a Fis de lòm lan, anpil dlo.

192 Kisa sa pral fè pou konnen ke w te nan reyinyon yo ap tande ke ou ta dwe mete w annòd ak Bondye pou resevwa Sentespri a, epi vin yon nanm aladriv pou ap tande vwa sa ki t ap pale nan reyinyon sa kote w ye la, pou w t ap tande jijman Bondye ap preche, epi refize Sa. Gwo chit la jis pi ba devan w, gwo katarak sa ki va mennen w nan kondanasyon Etènèl.

193 Vwa anpil dlo, katriyèm etap pèsonalite Li. Vwa anpil dlo. Kouman w pral fè sa alòske sa anrejistre nan Laglwa, kote vwa a ap anrejistre aswè a? Vwa w ap anrejistre. Panse w yo ap anrejistre. “Jan yon nonm panse nan kè l, se konsa l ye.” Remake, vwa w pale pi fò nan Syèl la ke...m vle di, panse w yo pi fò nan Syèl la ke vwa w sou latè. Sètènman, se vre. Bondye konn panse ak entansyon kè, Li konn tout bagay.

194 Li te di Farizyen yo, “Noumenm ipokrit, kouman nou ka fè pale bon bagay, alòske se nan abondans kè a ke bouch la pale?” Ap rele M, ‘Bon, Mèt,’ e Mwen konnen, M ka gade dirèk atravè nou pou wè ke nou ipokrit. Nou pa sensè.

195 O, kisa sa ap ye jou sa kan Vwa sa va fè gwonde bann pil dlo yo, pandan anpil aj legliz ap fòme?

196 Bon m vle mande nou yon lòt bagay. Kite m di nou yon bagay noumenm moun ki sove yo, pèmèt mwen di nou sa.

197 Kounye a, noumenm nanm aladiv yo, noumenm pòv sa ki aladiv k ap file nan direksyon katarak pi lwen an, fè atansyon. Se va yon bagay tèrib kan w konnen ke pa gen ankenn sove pou ou lè sa. Ou pap ka sove lè sa, ou konnen ke kondanasyon w drèt la devan w. Kan w konsyan ke nan kèk minit w ap tandè Vwa sa ap di, “Wete w bò kote M, oumenm ouvriye inikite, antre nan dife san fen an ki te prepare pou dyab la ak zanj li yo.” Ou va konnen kan w tandè gwo chit sa k ap bay eko vwa reyinyon sa yo, pandan w t ap meprize sa a. O, ala yon bagay tèrib, ala yon kochma! Piga nou kite sa rive nou, moun yo. Repanti, mete nou annòd avèk Bondye kounye a, pandan w ka fè l.

198 Kounye a m vle mande w yon lòt bagay. Kisa ki pi dous pou yon nonm ki ankre, ke lonje anba yon pyebwa ki toujou vèt, pou ap tandè sous dlo a k ap koule? O! Sa se Legliz ki la nan lye selès ak Vwa Bondye k ap koule dousman pou ap pale avè yo la. Ou wè kisa sa ye? Se yon kondanasyon pou pechè a, e yon benediksyon pou sa k sove a. Yon nonm ki ankre bato l an sekirite nan Jezikri Woche a, epi ki jis lonje ap koute, ala repoze li ka repoze l! Antre nan repo sa.

199 Ala m ta renmen rive kote dlo yo ap koule. Si nou te janm al lapèch oswa yon bagay konsa, dabitid mwen eseye jwenn yon plas kote dlo yo ap koule, paske sa jis fè w repoze w. Ou jis tandè sa ap mimire tout lanwit. O, la la!

200 Èske sa pa bèl lè w ka vrèman ankre nanm ou nan Kris, yon tèt kote jouk ou ka kalme w devan L? Epi koute Vwa L k ap pale avè w, “Mwen se Seyè a ki geri w. Mwen se Seyè a ki ba w Lavi Etènèl. Mwen renmen w. Mwen te konnen w anvan fondasyon mond lan. Mwen

plase non w nan Liv la, ou se pa Mwen. Piga w pè, se Mwen. Pa pè, Mwen avè w.” Alò m ap chante:

Mwen ankre nanm mwen nan yon plas ki gen repo,

Mwen sispann navige sou lanmè ki move;

Tanpèt la mèt baleye trè fò, trè pwofon;

Men mwen an sekirite pou tout tan nan Jezi.

201 Sonje, Vwa menm k ap pale tou dous avè w la, ap kondane pechè a. Menm delij ki te sove Noye a, te detwi pechè a. Ou wè sa m vle di a? “Vwa anpil dlo a.”

202 Obsève kounye a, “Cheve blan tankou lenn, e jye l yo tankou flanm dife, pye Li tankou kwiv, e yon Vwa anpil dlo.”

*E li te gen nan men dwat li sèt zetwal...*

203 “Sèt zetwal.” Bon annou pran vèsè 20 an drèt la:

*<sup>20</sup> Men sans kache sèt zetwal ou wè nan men dwat mwen an, ansanm ak sans sèt chandelye annò yo. Sèt zetwal yo se zanj sèt legliz yo (oswa sèt mesaje, sèt minis). Sèt chandelye yo, se sèt legliz yo.*

204 Li entèprete l pou li konsa pou asire l patap gen ankenn erè. Yon anj pou chak aj legliz. O, sa pral bèl, semèn sa, kan nou va retounen dèyè nan listwa pou pran zanj sa yo epi wè menm ministè yo te genyen. Yo te gen menm ministè. Egzakteman menm lan ap desann atravè aj la nan chak ti Legliz.

205 Gen kèk tan de sa, yon moun te di, “Ou konnen, legliz Katolik, gen yon bon dikton, ke, ‘se vrè legliz la poutèt li ret an plas atravè aj yo.’”

206 Mwen te reponn, “Pa gen ankenn mistè la, pandan li te gen tout gouvènman ak tout lòt bagay dèyè l, epi jan l te pran pozisyon epi pwovoke tanpèt. Men mistè a pou mwen se kouman ti minorite, tou piti sa te ka janm pwovoke tanpèt, pandan yo t ap pase yo anba si, epi jete yo bay lyon, ak dechikte yo, devore yo, boule yo, ak lyon...epi touye yo ak tout lòt bagay,

kouman yo te fè reyisi viv.” Sa montre ke men Bondye te avèk yo. Se tou. E menm jodi a Limyè l toujou ap briye. Amèn! Wi, mesye!

207 Kounye a, “Sèt zetwal ki te nan men dwat Mwen an.” Li te gen sèt zetwal nan men dwat Li, ki vle di sèt minis sèt aj yo. O, sa—sa bèl. Ala nou pral retounen pou pran minis ki—ki te pote Mesaj la epi rete avè L jiska lamò, ap desann nan legliz Esmin lan, ak legliz Pègam, Tiyati, ap desann atravè aj la, menm jiska aj sa kounye a. Minis yo ki te kenbe epi pote Limyè a, e ki te gade L menm jan ak orijinal la nan kòmansman, epi mennen Limyè a atravè limenm.

208 “Li te kenbe yo nan men dwat Li.” Panse! Men dwat pa vle di egzakteman tankou Kris ki chita adwat Bondye. Sa pa vle di ke Bondye gen yon men dwat., paske Bondye se yon Espri. Men Kris te bra dwat pwisans lan. Nonm ki reprezante bra dwat ou, zanmi—zanmi ki toupre w, sila ki pi pre w.

209 E, sonje, sèt zetwal yo te nan men dwat Li. Jispanse, yo t ap tire kouran yo, Limyè yo apati de Li. Yo te konplètman sou kontwòl Li, nan men dwat Li. O! Chak vrè sèvitè Bondye se menm bagay la. Yo kenbe nan...Kimoun ki ka fè yo mal? Kimoun ki ka fè yo mal? Tankou youn nan anj yo te reponn byen fò la nan kòmansman an. Sonje yon anj vle di “mesaje.” Nou va antre nan bagay sa yo plis an pwofondè pi ta nan semèn lan. Yon anj vle di “mesaje.” E li te di, “Kisa ki ka separe nou ak lanmou Bondye ki nan Kris? Èske se maladi? Pran risk? Nidite? Epe? Lanmò? Mwen konvenki” Pòl te di sa, “ke pa gen anyen ki ka separe nou avèk lanmou Bondye ki nan Kris la,” paske nou abandone nou konplètman nan men dwat Li.

210 Yon moun di, “Bann eksite! Bann eksite!” Sa pa deranje yo yon tikras. “Ou se yon fanatik relijye!” Yo pa menm tande sa. Yo abandone yo konplètman epi ap tire Vi yo apati de bra dwat pwisans Li, k ap reflekte Limyè L nan dousè, ak jantiyès, ak bonte, ak pasyans; siy, ak pwodij, ak mirak. Ke mond lan rele Sa “chòche/divinò,” kèlkeswa sa yo vle a, sa pa fè ankenn diferans pou nou, paske nou konnen nou abandone nou nan men dwat Li. Èske sa pa mèveye? O la la!

211 Bon annou fè vit, paske nou pa vle epwize w. “Nan men dwat Li, sèt zetwal.”

212 Kounye a setyèm e dènye reprezantasyon pèsonalite Li:

*...e t ap soti nan bouch li yon epe file de bò:...*

M te vle di, sa se sizyèm lan.

*...e t ap soti nan bouch li yon epe file de bò:...*

213 Bon, Vwa anpil dlo, e nan bouch Li...Nan men dwat Li te gen sèt zetwal.

*...e t ap soti nan bouch li yon epe file de bò:...*

214 Bon, èske nou konnen kisa epe file toude bò Bib la ye? Annou jis pran l pou nou ka konnen. Pran Ebre 4:2, ki jis pa dèyè jis yon paj ou de e w ap jwenn li, ou wè. Ebre jis anvan Apokalips; Jid, epi Ebre. Bon, mete l pre kounye a. Oswa..., Ebre, chapit 4, men ni. Dakò, Ebre chapit kat epi vèsè 12:

*<sup>12</sup> Pawòl Bondye a gen lavi, li gen plis pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.*

215 E poutan y ap rele w yon moun k ap "li nan panse." Se Pawòl Bondye a ki ap manifeste nan Legliz Li! Pi file ke yon epe de bò. Ey, mwen te jis ap panse a yon bagay m te note la. M pa konn si m te ekri yon Ekrit-...Pran Apokalips 19, jis yon minit. Ann pran sa a ankò, mwen kwè se sa. Petèt mwen...Apokalips 19, apeprè vèsè 11:

*E m te wè syèl la louvri, e m te gade men yon chwal blan;... (Men koulè blan an ki retounen ankò, jijman.)...e sila ki te chita la yo te rele l Fidèl ak Vrè a, e ak jistis li...t ap jije epi fè lagè. (Ou konn kimoun sa te ye, ou pa konnen? Dakò)*

*Jye l yo te...flanm dife...(Kimoun Li te ye?)...e tèt li te...plizyè kouwòn; ...(Uh-oh. Li te fini travay li li te travèse nan wayòm lan la.)...e li te gen...epi-epi li te gen yon non ekri, ke pèsonn pat konnen, ke...limenm.*

*E li te abiye ak yon rad tranpe ak san: e yo te rele l Pawòl Bondye.*

216 Kisa ki t ap soti nan bouch Li? Kisa k te soti? Kavalye sou chwal blan an. E Apokalips, 7, tou, kote...Mwen kwè se 8. Kote chwal blan an...non, se 6. Kote kavalye chwal blan an te pati, yo te ba l yon-yon banza, pou fè konkèt epi konkeri.

217 E yon epe t ap soti nan bouch Li. Kisa L te ye? Kavalye chwal blan Apokalips la. Remake epe a. “T ap soti nan bouch Li yon epe file de bò,” Pawòl la. E, alafen, ak Pawòl Li, kan Sa te manifeste pou tout pitit Bondye yo, Li va soumèt chak nasyon anba Pawòl Li, ak epe file sa. Gade isit la sa k te rive, pandan n ap pran l:

*E...nan men dwat li...e t ap soti nan bouch li yon epe file de bò: e aparans figi l te tankou solèy la k ap briye ak tout fòs.*

218 “Yon epe file de bò.” Kisa ki t ap soti nan bouch moun sa a? Pawòl Bondye a. Se yon epe file de bò. Kisa sa t ap fè? Li t ap disène panse nan kè, entansyon; pou al menm pi pwofon ap separe chè, selil san, jouk nan zo, desann antre jouk nan mwèl, ap desann ankò pi pwofon ke sa, pou menm ap disène panse ak entansyon nan kè. Sa se sa Pawòl Bondye a fè.

219 “E Pawòl la te fè L chè e li te abite pami nou.” E kounye a Pawòl la te fè l chè nan Legliz Li, ap abite pami nou. Zanj Li yo nan men Li, ap fè sèvis. Bondye depann de Legliz Li. Bondye konte sou nou nan aj sa pou pote Limyè Levanjil sa a bay yon mond tradisyonèl k ap mouri, payen tout bon. Bondye met fado a sou mwen avè w. Malè a noumenm si payen an mouri san l pa konnen. O, yo te konn pote liv lekti, literati, ak aritmetik, ak kèk depliyen relijye, epi yo pat fè plis ke yon bann pwozelit. M vle di Levanjil la! Levanjil la se pa Pawòl la sèlman. Pòl di sa. Pòl di, “Levanjil la pat vin jwenn nou an Pawòl sèlman, men Pawòl la manifeste.” Alòske Pawòl la, pa Sentespri a, se...Pawòl la plante nan kè ki gen Sentespri pou pwodui sa Pawòl la di Li t ap fè. E Pawòl la ka disène panse nan kè! Glwa! O, la la! O! Youn ki ap disène panse ak entansyon nan kè, Pawòl la fè sa.

220- Nan bouch Li Yon epe file debò t ap soti, reveye nou payen yo, yon bagay dwe rive youn nan jou sa yo. Wi! Pawol Bondye a, Non Li se te Pawol Bondye a, Pawol ki te manifeste a. Gade! Jezi te di: “Ale toupatou sou latè.” Mak 16, se te dènye komisyon Li te bay legliz anvan L retounen pou revele Tèt Li nan aj legliz la. Li te komisyon Legliz, “Ale toupatou nan mond lan epi preche Levanjil bay tout moun.” Kisa sa ye? Preche Levanjil ak tout moun. Mak 16, “Preche Levanjil la bay tout moun.” Kisa sa ye? Nan lòt mo, “demonstre pwisans Sentespri a,” li te dwe konsa.

221 Kounye a gade, “a tout...” Se pa jis anseye Pawòl la; Li pat janm di, “Al anseye Pawòl la.” Li te di, “Al preche Levanjil.” Pa anseye Pawòl la, preche Levanjil lan. Epi siy sa yo pral swiv sa yo ki kwè Levanjil sa; ya chase demon nan Non Mwen. Ya pale lòt lang, si yo ta met

men sou sèpan oswa bwè pwazon, anyen pap rive yo; si yo met men sou moun malad, moun malad yo va geri.

222- Ekriti a di: “Yo te ale,” “ap preche tout kote; Seyè a t ap travay ak yo, ap konfime Pawòl la ak siy ki t ap swiv yo. Se te Levanjil, Levanjil manifeste a.

223- Siy sa yo pral swiv ki kantite? Jiskaske mond lan fini, pou chak aj. Men ti minorite sa ki t ap vini, yo te kenbe limyè Sa a. Se pa etonan Jezi te di : “ Pinga nou pè ti twoupo, se bon volonte Papa nou pou L bannou Wayòm lan.” Ti twoupo; toujou an minorite, pa majorite a.

224- Dakò, bon kounye a yon lòt sitasyon. Nou te pran vèsè 20 an, kifè annou gade la a kounye a vèsè 16 la. Bon vèsè 16 la:

*Epi li te gen nan men dwat Li sèt zetwal:...*

225- Kounye a ann pran...epi... aspè figi L:

*...nan bouch Li yon epe file debò t ap soti; epi aspè figi L te tankou solèy la k ap klere ak tout fòs.*

226- Si nou tounen nan... ann gade Matye 17. Ann jis pran l drèt la pandan nou la ; konsa n ap jis pase sou li, epi anpil nan moun sa yo k ap note l, kite... oswa make l, nou pral jis kite yo li l konsa n ap konnen.

227- Matye 17, byen:

*...sis jou apres, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan...sou tèt yon mòn byen wo,*

*Li pran chanje devan yo; epi figi li vin klere tankou solèy la, epi rad li vin blan tankou limyè.*

228- Li te vin chanje. Kisa L te fè? Li te pase tèt Li nan yon transfòmasyon pou L antre nan jou li gen pou L vini an. Kounye a gade, jis kèlke zè anvan sa, Jezi te fè deklarasyon sa a la nan chapit anvan an: “Sa M ap di nou la se verite wi. Nan moun kila kounye a...” konbyen moun ki konn sa m pral di la? “Nan moun kila kounye a, gen ladan yo ki pap gentan mouri san yo pa wè Fis de lòm lan vini nan Laglwa Li.” Èske se pa vre? Epi Li pran Pyè, Jak ak Jan, twa temwen yo. Paske nan Ansyen Testaman, tout bagay, chak ti pawòl te dwe tabli pa twa temwen, epi Li te monte sou monn nan ak yo.

229- Remake kisa k vin anvan. O mwen jis paka estope la, mwen dwe pran sa la. Gade! Ki premye bagay yo te wè? Yo te moute ak Jezi sou mòn lan... oubyen Li te moute ak yo , epi Li te vin chanje devan yo, transfòme. Rad Li te klere tankou solèy la lè l ap klere ak tout fòs. Epi men Moyiz ak Eli ki te parèt bò kote L. Sou ki fòm Fis de lòm lan t ap vini kounye a? E dabò, sa k ap parèt, se va Moyiz ak Eli.

230- Kounye a remake, anvan Jez retounen sou latè... kounye a, sa yon ti jan annavans, men Lespri Eli a pral retounen sou latè pou l fè kè timoun yo tounen a papa yo. Bib la di sa. Jezi te wè l isit la, apot yo te wè l isit la, vini Fis de lòm glorifye a nan lòd. Li dwe glorifye epi retounen. Premye bagay anvan yo te wè L; sete kiyès?

Eli. Apre se kiyès? Moyiz; izrayèl te retounen lòt bò a. pou ap obsève lalwa. Epi apre Fis de lòm lan te glorifye. Alelouya! Èske nou wè vini Li a ki byen òdone? Lespri Eli a oswa temwen dènye aj legliz la. Ou wè, L ap vini an pwisans pou manifeste L.

231- Lè sa san karant kat mil jwif yo ap rasanble sou mòn Sinayi, kote izrayel te vin yon nasyon limenm; nasyon ki pi ansyen nan mond lan, drapo ki pi ansyen nan mond lan. Yo fòme pwòp nasyon pa yo, yo gen drapo pa yo, lame pa yo, lajan pa yo, tout lòt bagay yo. Yo se youn nan manb Sosyete nasyon yo paske yo se yon nasyon. Jezi te di yo pap janm ka rejte yo jiskaske tout bagay sa yo rive.

232- Se yon Mistè pou jan bann jwif sa yo te pèsekite tout kote, mete yo deyò, yo te nan mawon, yo te rejte yo, menm jan ak Legliz atrave aj sa yo ki te rejte L, epi Jezi te di ankò: "Lè nou va wè pye fig Frans lan kòmanse boujonnen, nasyon sa ap retounen yon nasyon ankò, tan an fini, sa menm nan pòt la. Sa M ap di nou la se verite wi, gen moun nan jenerasyon sa a ki pap gentan mouri anvan tout bagay sa yo rive." Chouk sa a...Pèp sa a pap gentan mouri. Hitler te eseye touye yo, Mussolini te eseye touye yo, Stalin te eseye touye yo, tout lòt moun yo, men yo pap janm ka blame, oswa efase yo sou tè a, yo pral yon pèp epi yon nasyon ki pral kanpe lòt bò a. Amen !

233- Moyiz ak Eli pral vini. O! M espere nou konprann sa.

234- Byen, "Solèy la klere ak tout fòs." Aspè figi L transfòme, transfigire. Kounye a yon lòt bagay, nan Apokalips 21 vèsè 23, si nou vle note l. Nan Nouvèl Jerizalèm lan, 21 vèsè 23, Li se Ayo ki nan Vil la, ki se Limyè a, k ap klere; paske yo pa bezwen limyè nan Vil la, solèy la pral leve ladan l, paske Ayo a ki nan mitan Vil la pral Limyè a. Epi nasyon yo ki sove pral mache nan Limyè Ayo a! Amen! Li se Limyè Ayo a. O, èske nou pa kontan pou sa?

235- Se pa sèlman sa, men tou, nan vini Li an (Jan te wè L nan jou Seyè a) Li se Solèy jistis la. Ann ale nan Malachi. Malachi, dènye pwofèt nan Ansyen Tesataman an. Malachi chapit kat la.

236- Mwen gen yon ti istwa pou m rakonte sou presye madanm mwen ki chita dèyè a la. Mwen te fè l pase yon move moman anvan nou te marye. Mwen te eseye repare sa apre nou te marye. Mwen pat konnen si m te vle remarye oswa pa remarye ankò, konsa li t ap soufri anpil. Epi m te panse li te yon bon ti dam, jis kite l al marye ak yon lòt moun ki te ka pran swen l. E m te panse mwen pat menm diy pou sa, epi mwen pat merite l, de tout fason mwen pa merite

jantiyes li. Konsa li te aflije epi l pat konn kisa pou l te fè, Sa te pase depi plizyè lane, apeprè ventan de sa. Li te gen pwoblèm, li te kòmanse ap kriye lajounen kou lannwit. Epi mwen t ap eseye retire kòm sou li, se pa paske mwen pat renmen l, se paske mwen pat vle pran tan li; rezon an, se te pou kite l jwenn yon moun, yon bon moun; paske li se yon bon ti dam, jis kite sa konsa, epi m te pran...jis ale avè l epi bagay konsa. Epi mwen–mwen te panse li te renmenm m, epi mwen konnen m te renmen l. Konsa

mwen te panse: “Bon, m pral jis eseye...m pral pran randevou ak yon lòt fi epi soti avè l, pou m ka fè l fache avè m.” Se kòm si m te touye l. Apre sa mwen te regrèt m te fè sa. Li te boulvèse anpil. Mwen te pale avè l, mwen te di: “Ou se yon bon ti dam, mwen–mwen pa vle pran tan w konsa.”

237- Epi li te reponn mwen: “Men mwen renmen w, Bill, epi se ou sèl mwen renmen.” Mwen te di: “mwen–mwen toujou renmen w.” M te di: “Mwen–mwen apresye sa. Men, mwen, ou konnen.” Mwen di: “mwen se yon moun relijye k ap viv poukont mwen.” Mwen–mwen jis pral viv tankou yon moun relijye k ap viv poukont li. Wè, mwen–mwen pap marye ankò.”

238- E li te tèlman sou sa, w konnen, pòv ti fi. Epi li te ale nan ti kay la. Epi li te ale la , epi li te met ajenou, e li te di: “Seyè, m pa konn kisa pou m fè. Mwen pa vle dezobeyi W, epi mwen toujou renmen Bill, epi mwen pa konn kisa pou m fè. Seyè, èske W ka ede m yon tikras? Mwen pat janm mande sa anvan nan vi m, Seyè, mwen espere mwen pap janm mande W sa ankò,” li te di: “Men si W pral jis ede m, epi kite m louvri Bib sa, epi ban m yon Ekriti. Mwen te tande moun di Ou konn fè sa.” E lè l te louvri li se te Malachi 4:

*“Menni, Mwen bay... oubyen voye ba ou Eli pwofèt la anvan ke–ke jou terib Seyè a:*

239 Li te di: “mwen te leve ak satisfaksyon ke nou ta pral marye.” Ou wè?

*Paske, Jou a ap vini : li pral fè cho anpil tankou nan yon fou; tout awogan yo ansanm ak tout mechan yo pral boule tankou pay chèch. Se Seyè a menm ki di sa. Wi jou sa a yap boule nètsan kite tras.*

*Men pou moun ki respekte Non Mwen... Solèy la... (S-o-l-è-y) Solèy jitis la pral leve avèk gerizon sou zèl li yo ;...*

240 “Solèy la k ap klere ak tout fòs.” O! fòs Fis de Dye a ap klere nan mitan nou aswè a. Li kanpe nan mitan sèt chandelye annò nan pèsonaj Li an sèt etap kòm jij. Menm jan ak Sila ki te souffri epi mouri pou nou an, epi l te pran jijman Diven an sou Limenm, epi li te pilonnen basen diven an, kolè Bondye a. Pou pechè a Li se yon katarak efreyan, pou noumenm nanm pèdi sou lanmè lavi a. Epi pou Legliz la, Li se yon dou Sovè ki ankre nan repo, epi kvap tande bwi yon ti rivyè k ap koule pandan w lonje kò w epi w ap pran yon repo pafè ki satisfè nan Kris. Ala yon tan! Sa ap briye sou nou ak reyon chalè Li yo, “Ou pa bezwen pè, se Mwen ki te la,

Mwen ki la, epi ki gen pou vini an. Mwen se Toupwisan an, pa gen pèsonn bò apa Mwenmenm. Mwen se A ak Z, Mwen pral bay dlo fontenn nan gratis ak sa k swaf,” O, ala yon pwomès epi ala yon istwa damou! Epi Ayo a ki nan mitan Vil la pat bezwen ankenn limyè, Li se Solèy jistis ak gerizon sou zèl Li yo.

Li se lis vale a

Zetwal Maten kap klere a

Li se dimil bèl bagay pou nanm mwen

Nan chagren Li se konsolatè m

Nan pwoblèm yo Li se repo m

Li di m pou m fikse je m sou Li. Alelouya !

Li se lis Vale a

Zetwal Maten kap klere

Li se dimil bèl bagay pou nanm mwen

241 Wi, mese! O, gwo Zetwal Maten sa ki parèt pou l klere, k ap salye jou k ap vini an, l ap anonse l pandan l ap di: “Jou a prèt pou leve, Pitit gason an ap pwoche,” e Li rale Tèt Li soti dèyè tout lòt zetwal yo (O la, la.) ak gerizon sou zèl Li yo.

242- Kounye a ann retounen nan mesaj nou an. Epi n ap fini pou n pare pou demen swa, paske li nevè mwen ka, nou pa vle kenbe pèsonn twò lontan jis pou n ka retounen la isit la.

243 Bon, Solèy jistis la ak gerizon sou zèl li yo. Kounye a aspè figi L. Li te yon jij, oswa yon lòt bagay pou L te montre nou ke li te nan jou Seyè a. Èske nou kwè sa? Li te antre nan jou Seyè a e li te wè Seyè a tankou yon jij. pa tankou prèt, pa tankou wa, men tankou jij. Li se yon jij . Nou pa kwè sa? Bib la di Li se yon jij. Epi men Li ki te abiye tankou yon Jij, kap montre sa Li te fè ; sa Li te ye: sa L te ye pou peche a, sa L te ye pou Kreyen an. Epi men Li ki kanpe kounye a avèk Vwa tankou anpil dlo, epi aspè figi L te tankou solèy k ap klere ak tout fòs.

244- Kounye a rezilta yo, vèsè sèz la. “Epi...” Non, eskize m, se vèsè disèt la:

*Lè mwen wè L, mwen tonbe nan pye L tankou yon moun ki mouri...*

245- O la la! Pwofèt la patka kanpe twòp pou l gade yon vizyon konsa. Sa jis–Sa jis te afebli fòs li epi li te tonbe drèt la nan pye L tankou yon moun ki mouri. Kounye a gade:

*Epi, Li mete men dwat Li sou mwen, Li di m konsa : Ou pa bezwen pè; se mwen ki premye, se mwen ki dènye.*

246- O la la ! Se pat yon pwofèt, se te Bondye! “Se mwen ki premye epi se mwen ki dènye. Mwen se premye nan Revelasyon an, mwen se dènye nan Revelasyon an. Se mwen kite la, se mwen ki la epi ki gen pou vini an.” Ann gade:

*Mwen se...Mwen...*

*Epi li mete men dwat li sou mwen, li di m konsa : Ou pa bezwen pè; se mwen ki premye, se mwen ki dènye:*

*Mwen se moun ki vivan an, Mwen te mouri ; men kounyeya mwen vivan pou tout tan, (bon, epi apre li te kriye fò:)*

*Amèn ; Mwen gen pouvwa sou lanmò ak peyi kote mò yo ye a.*

247- Kounye a, pinga w pè. Poukisa pou n ta pè? Poukisa Legliz la manke fikse...ap pense a Pawòl Li? Ann kanpe la jis yon minit, paske nou pral fini. Poukisa Legliz ta janm pè? Kisa Li te janm pwomèt ke Li pat manifeste devan nou? Poukisa pou n ta pè yon chatiman oswa yon lavi apre lanmò? “Ou pa bezwen pè. Se mwen ki te la, se mwen ki la epi ki gen pou vini an. Se mwen ki premye, se mwen ki dènye. Mwen gen pouvwa sou lanmò ak sou peyi kote mò yo ye a.” Poukisa? “Mwen pote vikwa epi konkeri peyi kote mò yo ye ak lanmò (ki se tonm ak lanfè; lanmò limenm, lanfè limenm.) pou ou. Mwen pote vikwa sou li nè. Mwen pote vikwa sou peyi kote mò yo ye a ak mò yo, tonb.” Lè Li te sou latè , Li te sèl gran...

248- Anpil moun te fè konkèt. Èske nou te konn sa? Napoleyon te fè konkèt mond lan, li te fè l a tranntwazan daj. A disetan pou rive trannsenkan, Napoleyon te kont moun k ap vann alkòl, li pat kwè nan tafya oswa tout jan de bagay sa yo. Li t al nan peyi Lafrans. Li pat yon fransè. Li te soti sou zile. Li t al lòt bò a poul vanje l sou Lafrans paske li pat renmen Lafrans. Men li te konkeri l. Li te ale epi li te konkeri Lafrans, epi li te pran fransè yo epi li te konkeri mond lan. Epi lè l vin genyen tranntwazan li te chita li t ap kriye paske pat gen anyen lòt pou l te konkeri, epi li mouri yon tafyatè. Li te konn defèt, li pat ka menm konkeri tèt li. Wè? Epi apres a li te rankontre waterloo pa l nan Waterloo, li te rankonte lafen li nan Waterloo. Mwen t al lòt bò a epi mwen te wè ansyen siy vestij yo ak bagay sa yo lòt bò a, lè nou te nan peyi a. Bon, nou pran konkeran sa a, li te kòmanse kòm yon jenn gason epi li te pran move kote konkèt la, epi li te mouri, nan lawont.

249- Men te gen yon lòt jenn gason ki te vini nan mond lan yon fwa. Li te mouri a tranntwazan epi li te konkeri tout sa ki te ka konkeri. Lè l te sou latè Li te konkeri pasyon, ògèy, Li te konkeri maladi, Li te konkeri demon. Lè l te mouri Li te konkeri lanmò. Lè l resisite Li te konkeri lanfè. Li te monte epi Li te konkeri tout sa ki te kont limanite epi netwaye diven... basen Bondye a epi kraze l epi konkeri lanmò, lanfè, tonb, maladi, fòmalitye ak tout lòt bagay, epi Li te konkeri

I nèt, epi Li te resisite sou twazyèm jou, epi Li te konkeri tout espas ki anlè a, epi Li te koupe brouya ant Bondye ak lòm epi Li te konekte Syèl la ak tè a ansanm. Glwa! O la la! Fiou!

250- La a Li se Pwisans Konkeran an depi lè Li te dechire vwal la an de. Men Li. Mwen gen kle lanmò ak lanfè pandye bò kote M. "Pinga w pè." Li mete men dwat Li (pwisans Li) sou li epi Li te resisite l pa pwisans men dwat Li, Li te di: "Ou pa bezwen pè, se Mwen kite la, se mwen ki la, ki gen pou vini an. Se mwen ki premye, se mwen ki dènye. Mwen te mouri men kounye a mwen vivan pou tout tan. Amèn!" O!

Men pwisan konkeran an,

Men Li tout moun ap gade L.

Li kanpe la pwisan konkeran an,

Depi lè L te dechire vwal la an de.

251- Amèn Li te kraze tout obstak ki te devan èt imen pou yo te ka konekte ak Jaden Dedennan. Kounye a, lòm...mwen te sou pwèn toufe sa, men m ap di li. Lòm se yon omnipotan. Ou pa kwè sa, men se sa li ye. Yon nonm ki soumèt li konplètman a Bondye se yon omnipotan. Èske L pat di nan Mak 11:22 "Tout sa w mande si w pa gen dout nan kè w l ap gen pou l rive. Ou va jwenn sa w mande a"?

252- Kisa k rive lè de omnipotan rankontre? Lè Bondye ak lòm rankontre ansanm, de omnipotan, gen yon bagay ki dwe rive. Gen...Kèlkeswa sa w di ak pwisans kreyativ omnipotans Bondye a, konsyan ke Li te pwomèt li, e Li te di l nan Pawòl Li, sa kreye yon pwisans ki va ale lòt bò a pou akonpli dè bagay, bagay ki pa egziste, li fè yo

vini, paske de omnipotan te rankontre. Men Li ki kanpe la! O, èske Li pa mèvèye!

253- Ann gade si n ap jwenn kèk bon bagay anplis. Vèsè dizwit la, kounye a vèsè diznè. Jan; kisa k te rive lè l te wè aspè figi L? Rezilta a? Li te tonbe nan pye L; li pat kapab kanpe ankò, lavi imen an te vin fèb, li te jis pat kapab fè l. Li te yon konkeran, Li te deja konkeri.

254 Kounye a Li bay yon lòd, n ap vanse pou n fini chapit la, vèsè diznè sa a:

*Ekri tout sa w wè a, ni sa k ap pase kounyeya, ni sa ki gen pou rive apre.*

255 Nou te pran vèsè ven an :

*Men mistè sèt zetwal ou wè nan men dwat mwen an,... se sèt gwo chandelye annò yo. Sèt zetwal yo se sèt zanj sèt legliz yo: sèt gwo chandelye yo, se sèt legliz yo.*

256 O! Se yon bagay ki pou koupe souf, zanmi. Gade L kanpe la nan siprèm... sipremasi Dvinite Li. Li se Jij la, Prèt la, Wa a, Èg la, Ayo a, Lyon an, A ak Z la, Papa a, Pitit la, Sentespri a ; Li se moun ki te la, ki la, epi ka p vini an. Ap pilonnen basen diven kòlè Bondye a, pou L

satisfè tout bagay jiskaske Bondye (te di sou kwa a,) kan L te resisite (Li te di: "Se regle.") sa te Bondye tèlman plezi, ke Lespri ki te kite L la te retounen nan maten Pak la pou pran L epi resisite L pou jistikasyon nou.

257- Jan te leve tèt li epi li te wè L kanpe ak pye L yo tankou kwiv yo poli apre yo fin chofe nan fou. Je L yo te tankou flanm dife ki t ap fè ale vini sou tè a. Sètsanzan anvan sa Danyèl te wè L nan menm pozisyon an menm jan an, menm nonm nan ki kanpe la, Ansyen ki te la depi nan kòmansman an, epi Sila ki te Fis de lòm lan ki te ini avè L, ke yo te remèt tout jijman an, te kanpe nan Jijman Twòn Blan an.

258- Pou ap gade bagay sa yo, kijan de moun nou te dwe ye, zanmi? Bondye beni nou se priyè m. Ou wè? Èske nou renmen L? Èske nou kwè L? Èske nou ankre nanm nou nan Li?

259- Annou bese tèt nou jis yon moman.

260- Jis trankilman epi dousman alòske nou pral chante tou Dousman, *Mwen Te Ankre Nanm Mwen Nan Yon Refij Repo*. "Mwen pap janm tande bwi katarak yo k ap voye nanm mwen lwen, men Sa va pote lapè ki dous pou nanm mwen." Dousman kounye a, tout moun ak reverans.

Mwen te ankre nanm mwen nan yon refij lapè

Mwen pap navige ankò sou lanmè move ankò

Tanpèt ap frape loraj ap gwonde

Nan Jezi mwen ansekirite pou touttan.

Mwen te ankre nanm mwen nan yon refij lapè

Mwen pap navige ankò sou lanmè move ankò

Tanpèt ap frape loraj ap gwonde

Nan Jezu mwen ansekirite pou touttan

Klere mwen ( kite reyon Laglwa a, Seyè.)

Seyè, klere mwen,

Kite Limyè fa a klere mwen

Ann leve men nou ba Li.

Kite Limyè fa a klere m

Tankou Jezi, ( wi Seyè ) tankou Jezi

Mwen vle tankou Li sou latè

Atravè vwayaj lavi a sou tè a pou rive nan Laglwa,

Mwen mande sèlman pou m tankou Li

[ Frè Branham kòmanse fredone kè a.-]

... O mèvèye Sovè,

Mwen vle tankou Li sou latè

Atravè vwayaj laviya sou tè a pou rive nan Laglwa,

261- Èske w ta vle ge Lavi L k ap viv nan ou, k ap reflete Prezans Li? Si w ta vle, epi w patko genyen l ankò, èske w ta vle kanpe pou lapriyè? Sila yo ki ta vle yo sonje yo nan lapriyè . Bondye beni nou.

Nan krèch Betleyèm ...

jis rete kanpe kounye a, jis rete.

...yon Etranje te soti, (Ou va yon etranje pou mond lan.)

Mwen vle tankou Li sou latè

Atravè vwayaj lavi a sou tè a pou rive nan Laglwa,

Mwen mande sèlman pou m tankou Li

Jis tankou Jezi, tankou Je-... ( se dezi mwen.)

Mwen vle tankou Li sou latè

Atravè vwayaj lavi a sou tè a pou rive nan Laglwa,

Mwen mande sèlman pou m tankou Li

[ Frè Branham kòmanse fredone kè a.-]

... Dousman , enb epi Dousman

262- Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, gen anpil la ki kanpe sou pye yo ki vle resevwa W. Yo fatigue ak deriv sa a, yo pa konnen kote pou yo ale sou vag lavi a; e konsyan ke anvan l fè jou kè a ka sispann bat, alò gwo katarak la, va tonbe, annavan yo, yon nanm aladriv. Yo te yomenm jan yo ye a, yo te tankou mond lan, men yo vle menm jan ak Ou kounye a, Seyè. Resevwa yo nan Wayòm Ou an, yo se pa W, Papa, paske W konnen kè yo ak entansyon ki nan kè yo. Epi W te ekri l. epi di l ak bouch pa W: "Sila ki kwè nan mwen epi ki va kwè nan

Sila ki te voye M nan gen Lavi Etènèl." Ou te di tou, Seyè: "Benediksyon pou moun k ap li liv sa a. Benediksyon pou tout moun k ap koute Pawòl pwofesi ki nan Liv sa, paske pa rete tan ankò pou bagay sa yo rive." Yo reyalize ke tan an fini. Yo pap ka ap devye twò

lontan, Seyè. Voye kòd sovta j la pou yo epi atire yo a Ou, Seyè. Ke yo avanse nan fènwa sa a, pandan yap reflete Limyè Jezikri a. Mwen remèt yo ba Ou Papa Bondye, nan Non Jezikri. Ke yo swiv enbleman Seyè a

nan batèm ki pral fèt nan legliz la. Mete Sentespri nan lavi yo pou yo kapab tankou Jezi pandan tout rèz jou yo. Nou mande W sa nan Non Li.

263- Kèk nan nou tout ki kanpe pre oswa ki chita pre moun sa yo, ki se kretyen, al jwenn yo epi ba yo lanmen. Touche yo, "Glwa a Dye pou nanm ou." Lotèl nou plen ak timoun ak tout bagay, nou pa kapab fè yo vin la.

Atravè vwayaj laviya sou tè a pou rive nan Laglwa,

Mwen mande sèlman pou m tankou Li

Klere mwen O, klere mwen,

Kite Limyè fa a klere m

Klere mwen O, klere mwen,

Kite Limyè fa a klere m

264- Ou santi w vrèman byen? Èske w pa santi w byen? Èske w pa kontan ke w se yon kretyen? Bay lanmen ak moun ki tou pre w la kounye a pandan nou pral chante yon imn, Nou Pral Mache Nan Limyè A, bèl limyè sa a, Limyè Seyè Jezikri ki manifeste nan lachè.

Nou pral mache nan Limyè a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

Tout moun, chante I :

Nou pral mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

Tout sen yo vini poun proklame Limyè

Jezu, se Limyè mond lan

Lè klòch nan syèl la pral sonnen

Jezu, se limyè mond lan.

Leve men nou kounye a :

Nou pral mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

Nou pral kontinye mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

Nou pral mache nan Limyè sa a( Limyè Levanjil), bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

265- Retounen nan kòmansman, nan Pannkòt la lè Sentepri te tonbe sou Legliz. Mesaj la te desann nan Esmin; te gen Irene ki te kanpe, gwo sen Bondye sa te pale nan lòt lang, pwisans Bondye a, resisite mò, geri

malad, Li te mache nan Limyè a. Apre li Kolonban vin parèt, gwo pwisans sen Bondye a. Anpil gwo sen ki te admire Mesaj la te mache nan Limyè a, Limyè Levanjil la, menm Limyè sa a ki te klere Jou Pannkot la; Kris ki kanpe nan mitan pèp Li, epi gwo chandelye ak sèt branch annò yo ap reflete ekla Li tankou solèy nan fòs chalè li.

266- Men nou la nan lane 1961 :

Nou pral mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezi, Limyè pou mond lan

Ann kanpe :

Nou pral kontinye mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezu, Limyè pou mond lan

Èske nou renmen L ?

Mwen renmen I, mwen renmen L

Paske ( jis paske) Li te renmen m anvan

E Li achte Sali mwen

Sou bwa kalvè

267- Pa janm retounen nan bagay mond sa ankò. Mwen mouri pou mond lan e mond lan mouri pou mwen. M ap mache sèlman nan Kris, gide pa Sentespri a. Mwen renmen L paske Li renmen m, epi Li fè benediksyon L briye sou mwen, Li ban m lanmen asosyasyon nan Wayòm Li an. Kounye a nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, sa ke nou pral ye alafen poko parèt; men nou konnen ke nou pral gen yon kò menm jan ak kò gloriye Li a, paske nou wè L jan L ye a.

Konsa Nou pral kontinye mache nan Limyè sa a, bèl Limyè a

Vini kote lawouze mizerikòd la ap klere

Klere toutotou nou lajounen kou lannwit

Jezi, Limyè pou mond lan

268- Èske nou renmen L? Nou konnen, apre mesaj tranchan sa a ak tout bagay, mwen ta renmen moun yo antre nan anbyans lan pou al nan adorasyon epi ap chante nan Lespri. Pa gen anyen ki pi bèl pase bon vye kantik. Se vre. Mwen renmen bon vye chan Pannkotis yo; pa vwa antrene ke y ap kenbe jiskaske yo pa kapab ankò epi figi yo vin tou ble, epi yo pa konn sa yap chante a. Mwen renmen yon moun ki paka chante byen petèt men li gen Benediksyon Pannkot la epi li konn kisa I ap chante a. O, gade kijan chan melodi lakwa a gloriye! O la la!

Chan pou voye nou ale a kounye a:

Pran Non Jezi avèk w,

Pitit chagren ak malè

Lap ba w lajwa ak konsolasyon

Pran l nenpòt kote w prale

Demen swa a setè, setè egzakteman sèvis la ap kòmanse.

Nan Non Jezi n ap koube

Tonbe mete ajenou nan pye L

Nan syèl la nou pral kouwone L Wa dè wa

Lè vwayaj nou fini

Annou tout chante l kounye a :

Pran Non Jezi avèk w,

Pitit chagren ak malè

L ap ba w lajwa ak konsolasyon

Pran l nenpòt kote w prale

Presye Non, Non ki dous

Espwa latè epi lajwa nan Syèl la

Presye Non, Non ki dous

Espwa latè epi lajwa nan Syèl la

269- kounye a, n ap fini l aswè a. "M ap jis mande m si ap gen sèvis demen?" Non, se pa demen, m ap pran yon bon repo demen. Petèt demen swa mwen pap ka reprann mesaj sa a, konsa m va pran l jou apre a. Chak fwa ke m pa fini...yon mesaj nèt, m ap kontinye avè l jou apre a. Men nou fini ak sa a, mwen kwè nou deja nan Aj Legliz yo. Se pa vre? Byen.

Ann koube tèt nou pandan n ap chante dousman kounyeya:

Nan Non Jezi n ap koube (tout lang pral konfese L)

Tonbe mete ajenou nan pye L

Nan syèl la nou pral kouwone L Wa dè wa

Lè vwayaj nou fini

Presye Non, Non ki dous

Espwa latè epi lajwa nan Syèl la

Presye Non, Non ki dous

Espwa latè epi lajwa nan Syèl la.